Лъэужь дахэ къэзыгъэна адыгэ бзылъхугъэ

2-нэ нап.

Къэрал гулъытэ зыгъэзт ІэнатІэ

2-нэ нап.

Псэ зыІут къыданатэкъым...

3-нэ нап.

Сабиим и Іэбжьанэкэр пишыкІмэ...

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№95 (24.533) ● 2023 гъэм шыщхьэУІум (августым) и 10, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Нэм илъагъумкІэ псэм зимыгъэщІу

4-нэ нап.

ЩІыналъэхэм я зыужьыныгъэм толажьэ

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и социально-экономикэ щытыкІэм зэрызиужьыр къыщалъытащ Урысей Федерацэм и Правительствэм. Къапщтэмэ, абы хивубыдэ щІыналъэхэм я инвестицэ жэрдэмхэмрэ инвесторхэр кьызэрыдахьэхьымрэ иужьрей зэманым ухабжьу зиужьащ. КИФЩІ-м и промышленность ІэнатІэр махуэ къэ йофІакІуэ, хэгъэгухэм къыщыщІагъэкІхэр хэхъуащ, лэжьапІэншэхэм я бжыгъэм хэщІащ. Нэхъыщхьэрэращи, хьэрычэтыщІэ Іуэхум дихьэххэр процент 4,5-кІэ хэхъуащ. Ар бжыгъэкІэ къапщтэмэ, КИФЩІ-м хьэрычэтыщІэу щылажьэр мелуани 4-м щІигъуащ.

КИФЩІ-м и щІыналъэхэм я экономикэм зэрызэрагъэужьыну жыпхъэхэр дэтхэнэми папщІэ иубзыхуащ УФ-м и Правительствэм. Хэгъэгухэр зэрыбейр туризмэр арацш, иужьрей илъэсым абы сом мелард 240-рэ хъахухьащ республикэхэм, абы и фІыгъэкІэ цІыху мини 10-м ІэнатІэ яІгуэтащ.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил зэрыжиІамкІэ, ябзыхуэ жыпхъэм тету Іуэхугъэ зэфІагъэкІмэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и экономикэр лъагапІэщІэм хуэкІуэнущ, ауэ абы щхьэкІэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэ Іэщ1агъэлІэхэмрэ цІыху лэжьакІуэхэмрэ хуэныкъущ. «Урысейм и Кавказ Ищхьэрэм и дахагъыр дуней псом щыцІэрыІуэ курорт екъэжьакъэм зыкІи ефэгъуэкІыркъым», - жиІащ Мишустинym.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, промышленностым, мэкъумэш ІэнатІэм, туризмэм, ухуэныгъэм, иджырей технологиехэм зегъэужьыныр республикэм и экономикэм лъабжьэ хуэхъур. ИкІи а ІэнатІэ псомкІи иджыпсту лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьауэ йокІуэкІ.

КІэщІу къэбгъэльагъуэмэ, промышленностым къыщІэгъэкІыр процентыр 102,1-рэ, мэкъумэшхэкІыр процентыр 110-рэ хъуащ. Псоми зэращІэщи, зыужьыныгъэ нэхъ къызэпкІуэхэм ящыщщ лъэпкъ проектхэр. Апхуэдэу 12-м хэтщ республикэр икІи ахэр гъэззэщІэныжьмкІэ Урысейм бжьыпэр щызыІыгъхэм ящыщщ КъБР-р. Псори зэхэту зыужьныгъэм къыхуаутІыпщащ мыльхур сом мелард 22-м щІегъу.

ЦІыхуэр лэжьапІэ ІэнатІэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр щІыналъэм хъарзынэу щызэтеублащ. Хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ я бжыгъэр 1500-рэ щохъу ди республикэм. Зи щхьэ хуэлэжьэжхэр цІыху мин 60-м щІегъу.

Щ1ыналъэ экономикэр зыужьныгъэщІэхэм хуэзышэ инвестицэ хэхъуэр нэхъыбэ зэращІыным иужь итщ унафэщІхэр, апхуэдэуи иджырей технологиехэмкІэ зэщІэузэда Іэхуущ1апІэхэр къызэІуах. ИкІи а ІэнатІэ псомкІи иджыпсту лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьауэ йокІуэкІ.

КІэщІу къэбгъэльагъуэмэ, промышленностым къыщІэгъэкІыр процентыр 102,1-рэ, мэкъумэшхэкІыр процентыр 110-рэ хъуащ. Псоми зэращІэщи, зыужьныгъэ нэхъ къызэпкІуэхэм ящыщщ лъэпкъ проектхэр. Апхуэдэу 12-м хэтщ Ищхьэрэм и дахагъыр дуней псом щыцІэрыІуэ курорт екъэжьакъэм зыкІи ефэгъуэкІыркъым», - жиІащ Мишустинym.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, промышленностым, мэкъумэш ІэнатІэм, туризмэм, ухуэныгъэм, иджырей технологиехэм зегъэужьныр республикэм и экономикэм лъабжьэ хуэхъур. ИкІи а ІэнатІэ псомкІи иджыпсту лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьауэ йокІуэкІ.

КІэщІу къэбгъэльагъуэмэ, промышленностым къыщІэгъэкІыр процентыр 102,1-рэ, мэкъумэшхэкІыр процентыр 110-рэ хъуащ. Псоми зэращІэщи, зыужьныгъэ нэхъ къызэпкІуэхэм ящыщщ лъэпкъ проектхэр. Апхуэдэу 12-м хэтщ республикэм икІи ахэр гъэззэщІэныжьмкІэ Урысейм бжьыпэр щызыІыгъхэм ящыщщ КъБР-р. Псори зэхэту зыужьныгъэм къыхуаутІыпщащ мыльхур сом мелард 22-м щІегъу.

ЦІыхуэр лэжьапІэ ІэнатІэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр щІыналъэм хъарзынэу щызэтеублащ. Хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ я бжыгъэр 1500-рэ щохъу ди республикэм. Зи щхьэ хуэлэжьэжхэр цІыху мин 60-м щІегъу.

Щ1ыналъэ экономикэр зыужьныгъэщІэхэм хуэзышэ инвестицэ хэхъуэр нэхъыбэ зэращІыным иужь итщ унафэщІхэр, апхуэдэуи иджырей технологиехэмкІэ зэщІэузэда Іэхуущ1апІэхэр къызэІуах. ИкІи а ІэнатІэ псомкІи иджыпсту лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьауэ йокІуэкІ.

КІэщІу къэбгъэльагъуэмэ, промышленностым къыщІэгъэкІыр процентыр 102,1-рэ, мэкъумэшхэкІыр процентыр 110-рэ хъуащ. Псоми зэращІэщи, зыужьныгъэ нэхъ къызэпкІуэхэм ящыщщ лъэпкъ проектхэр. Апхуэдэу 12-м хэтщ республикэм икІи ахэр гъэззэщІэныжьмкІэ Урысейм бжьыпэр щызыІыгъхэм ящыщщ КъБР-р. Псори зэхэту зыужьныгъэм къыхуаутІыпщащ мыльхур сом мелард 22-м щІегъу.

ЦІыхуэр лэжьапІэ ІэнатІэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр щІыналъэм хъарзынэу щызэтеублащ. Хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ я бжыгъэр 1500-рэ щохъу ди республикэм. Зи щхьэ хуэлэжьэжхэр цІыху мин 60-м щІегъу.

КИФЩІ-м и щІыналъэхэм я экономикэм зэрызэрагъэужьыну мэкъумэш зыкІи ефэгъуэкІыркъым», - жиІащ Мишустинym.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, промышленностым, мэкъумэш ІэнатІэм, туризмэм, ухуэныгъэм, иджырей технологиехэм зегъэужьныр республикэм и экономикэм лъабжьэ хуэхъур. ИкІи а ІэнатІэ псомкІи иджыпсту лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьауэ йокІуэкІ.

КІэщІу къэбгъэльагъуэмэ, промышленностым къыщІэгъэкІыр процентыр 102,1-рэ, мэкъумэшхэкІыр процентыр 110-рэ хъуащ. Псоми зэращІэщи, зыужьныгъэ нэхъ къызэпкІуэхэм ящыщщ лъэпкъ проектхэр. Апхуэдэу 12-м хэтщ республикэм икІи ахэр гъэззэщІэныжьмкІэ Урысейм бжьыпэр щызыІыгъхэм ящыщщ КъБР-р. Псори зэхэту зыужьныгъэм къыхуаутІыпщащ мыльхур сом мелард 22-м щІегъу.

ЦІыхуэр лэжьапІэ ІэнатІэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр щІыналъэм хъарзынэу щызэтеублащ. Хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ я бжыгъэр 1500-рэ щохъу ди республикэм. Зи щхьэ хуэлэжьэжхэр цІыху мин 60-м щІегъу.

КИФЩІ-м и щІыналъэхэм я экономикэм зэрызэрагъэужьыну мэкъумэш зыкІи ефэгъуэкІыркъым», - жиІащ Мишустинym.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, промышленностым, мэкъумэш ІэнатІэм, туризмэм, ухуэныгъэм, иджырей технологиехэм зегъэужьныр республикэм и экономикэм лъабжьэ хуэхъур. ИкІи а ІэнатІэ псомкІи иджыпсту лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьауэ йокІуэкІ.

КІэщІу къэбгъэльагъуэмэ, промышленностым къыщІэгъэкІыр процентыр 102,1-рэ, мэкъумэшхэкІыр процентыр 110-рэ хъуащ. Псоми зэращІэщи, зыужьныгъэ нэхъ къызэпкІуэхэм ящыщщ лъэпкъ проектхэр. Апхуэдэу 12-м хэтщ республикэм икІи ахэр гъэззэщІэныжьмкІэ Урысейм бжьыпэр щызыІыгъхэм ящыщщ КъБР-р. Псори зэхэту зыужьныгъэм къыхуаутІыпщащ мыльхур сом мелард 22-м щІегъу.

ЦІыхуэр лэжьапІэ ІэнатІэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр щІыналъэм хъарзынэу щызэтеублащ. Хьэрычэт ІэнатІэ мащІэмрэ курытымрэ я бжыгъэр 1500-рэ щохъу ди республикэм. Зи щхьэ хуэлэжьэжхэр цІыху мин 60-м щІегъу.

КИФЩІ-м и щІыналъэхэм я экономикэм зэрызэрагъэужьыну мэкъумэш зыкІи ефэгъуэкІыркъым», - жиІащ Мишустинym.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, промышленностым, мэкъумэш ІэнатІэм, туризмэм, ухуэныгъэм, иджырей технологиехэм зегъэужьныр республикэм и экономикэм лъабжьэ хуэхъур. ИкІи а ІэнатІэ псомкІи иджыпсту лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьауэ йокІуэкІ.

КІэщІу къэбгъэльагъуэмэ, промышленностым къыщІэгъэкІыр процентыр 102,1-рэ, мэкъумэшхэкІыр процентыр 110-рэ хъуащ. Псоми зэращІэщи, зыужьныгъэ нэхъ къызэпкІуэхэм ящыщщ лъэпкъ проектхэр. Апхуэдэу 12-м хэтщ

Ди къуэш республикэхэм

Етхуанэу зэхуоэз

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэр Фыщт бгым и лъэпэм иджы етхуанэу щахуэзэнущ щІыналъэм и щІалэгуэлэм. Ныбжьыщ1э зэчиифІэхэм я зэхуэсышхуэм зэрызыхуагъэхьэзыр жиІащ республикэм и Іэтащхьэ Къумпіыл Мурат.***

«ФЫЩТ» зыфІащ зэхьихьэр шыщхьэУІум и 18 - 20-хэм ирагъэкІуэкІыну я мурадщ. Абы яГэхьІуэнуэр муниципалитетхэм къыщыхахынущ. 2023 гъэм абы щІыналъэ нэхъыбэ къызэщІрагъэубыдэнущ: Адыгейм, Краснодар крайм, Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Къбэрдей-Балъкъэрымрэ щыщу абы хэтныжхэм къагурыІуэнущ Къалмыкъым и щІалэгъуалэрэ.

Министерствэхэм я унафэщІхэмрэ районхэм я Іэтащхьэхэмрэ щахуэзам щІыналъэм и Іэтащхьэм абыхэм пщэрылъ ящищІащ Іуэхум зыхуэгъэхьэзырыным нэхъ еужьэрэкІыну, апхуэдэуи гу лъагирэзтащ абы щызэхуашэсынуэр еджэным, щІэныгъэм, спортым, щэнхабзэм екъулІэныгъэхэр щызыІэ щІалэгъуалэ зэчиифІэхэу щытын зэрыхуейми.

- Муниципалитетхэм я щІэкІэ зэхуэсышхуэм хэтын хуейщ фІым я фІыжэр, - къыхигъэщащ Адыгейм и Іэтащхьэм.

Зэхьихьэм хэтынухэм къапоплъэ программэщІэ. Хабзэ зэрырихъуаэ, Адыгейм и унафэщІыр, министрэхэр, къалэжмрэ районхэмрэ я Іэтащхьэхэр щІыгъуэ, щІалэгъуалэм яхуэзэнурэ яфІэгъэщІагъуэнхэм тепсэлъыхьынущ, ныбжьыщІэхэр зыгъэпІейтей упщІэхэм жэуап иратынущ.

АдэкІи зэдэлэжьэнущ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид хуэзащ КъШР-м лэжьыгъэ Іуэхуитэ къэхІуа, Кемеровэ областым и губернатор Цивилев Сергей.***

ТЕМРЕЗОВЫМ хьэщІэ ЛъапІэм фІыщІэ хуищІащ куэд щІауэ я зэхуаку дэІэ сату-экономикэ зэпыщІэныгъэхэм зэрызиужьыным папщІэ. Апхуэдэуи екъэзэхуащ иджыблагъэ Кемеровэ областым и къэралыгъэр илъэс 80, Кузбасс илъэс 300 зэрырикъуамкІэ.

«Цивилев Сергейрэ сэрэ дэтІыгъащ сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ, нэгъуэщІ лъэныкъуэхэмкІи зэдалэжьэныжьмкІэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Кемеровэ областымрэ я Правительствэхэм зэращІыпІа зэгурыІуэныгъэщІэр.

Дэфтэрым мыхьэнэшхуэ зиІэ и Іыхьэщ щІыналъэхэр промышленностым, туризмэм, социальнэ унэтІыныгъэхэм щызэдэлэжьэныр. Си фІэщ мэхъу ди зэхуэзэр Къэрэшей-Шэрджэсымрэ Кузбассымрэ я зэпыщІэныгъэм къаруущІэ зэрыхуэхъунур, къэралым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху щхьэпэжэ зэфІэхьыжьмкІэ», - щитхащ Темрезов Рашид и телеграм-каналым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ЕхъулІэныгъэм и хэкІыпІэхэр

Башкортостан Республикэм и къалащхьэ Уфа мы махуэхэм щекІуэкІащ къэралым Ябэ медико-санитар дэІэпыкъуныгъэм зыщІегъэужьыным и Іуэхугъэ урысейпсо зэхэхьэ. Абы хэтащ УФ-м и зыщІыгъэр хъумэныжьмкІэ и министр Мурашкэ Михаил, щІыналъэ министерствэхэм я унафэщІхэр, медицинэ Іуэхущ1апІэшхуэхэм я докутыр нэхъыщхьэхэр, Іэщ1агъэлІ пажэхэр.

ЗЭХЫХЬЭР хуэунэтІауэ щытащ Іэнатіэр ефІэкІуэныжьмкІэ щыІэ хэкІыпІэжэр уэбзыуным, абы ипкъ иткІи щІыналъэхэр пэжьыгъэ и пІалъэкІэ зэхъуэжьным, бжьыгъэр зи лъабжьэ технологиехэр Іэнатіэм жьыджэру Іэнатіэм къыззэрыщыдгъэсбэпыным дыхущІэкъупхъэщ. Ар мыхьэнэшхуэзиІэ Іуэхущ, сытщхьэкІэжьпІэмэ, жылагъуэ узыншэ диІэныжьмкІэ медицинэм игъэт зыужьныгъэм куэд елъытащ. Сэ сыщыгъуазэщ ди къэралым и щІыналъэ куэдым узыншагъэр хъумэн Іэнатіэр егъэфІэкІуэныжьмкІэ лэжьыгъэшхуэ ящаэзэрпэщІыным. Абы и лъэныкъуэкІэ щапхъэ зытрахын мымащІэу щапльагъуэщ Башкортостан Республикэм. Дэ псоми ди къалэн нэхъыщхьэщ зэманым дыкъыкІэрымыхуу къэралым и медицинэ Іэнатіэр едгъэфІэкІуэныр.

Зэхьихьэм щытепсэлъыхьащ Іэнатіэм зыщІрихьэлІэ гугъуехьэм, ахэр зэфІэхыныжьмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм, къапэщІылъ къалэнхэм. Гулъытэ нэхъыбэ хуащІу кьыхаГъэщащ, анэмрэ сабийм я узыншагъэр хъумэным жэуапльныгъэшхуэ хэлъу зэрыбГъэдыхьапхъэр.

Ди республикэм и лЫкІуэу зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хьубий Марат, республикэм узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министр Къалэбатэ Рустам, «Росздравнадзор»-м и кьудамэу ди хэгъэгум щыІэм и унафэщІ Ахьмэт Алим сымэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

● Ерыскъыхэкіхэр

Хъарбызым фыхуэсакъ

Гъэмахуэ ерыскъыхэкІхэр нэгу къыщІэгъэхьэгъэуейщ псоми яфІэІэфІ хъарбызыр хэмыту.

ХЪАРБЫЗЫР пхъэщхьэмыщхьэ, хьэмэрэ хадэхэкІ? - къыщІэдзэнщ абыкІэ. Абы купщІэрэ жылэрэ зэриІэр къапщтэмэ - пхъэщхьэмыщхьэщ, ауэ биологэм къызэралъытэмкІэ, ар пхъэщхьэмыщхьэ нэпщІ, сыту жыпІэмэ, и фэм и быдагъымкІэ абыхэм яхэбжэ хъунукъым, къэбхэкІхэр кьэнаГэ. Апхуэдэу щыщыткІэ, ар и фэмкІэ хьэбгъэм, и кІуэцІымкІэ пхъэщхьэмыщхьэхэм хеубыдэ. КІэщІу жыпІэмэ, ТІури кьызэщІэзэыубыдэ ящхьэкІыгъэ хьэлэмэтщ.

Хъарбызу граммищэм хэпльщ магниеу цІыхум зы жэщ-махуэм игъэутын хуейм и процент 60-р. Абы кьыхэкІыу, гур тэмэму егъэлажьэ. Ар кхъуейм щІыгъуу пшхыныр сэбэпышхуэу кьалъытэ, магниери кьупщхьэмкІэ сэбэн кальцийри зэгъусэу Іэпкъпэкъым зэрыІэрыхьэм кьыхэкІыу. Хъарбызым и процент 90-р псыщ - кІуэцІыр кьегъэхабзэ хуэдэ щымыІэу, жьэжьейхэр фІыуэ егъэлажьэ, Іэпкъпэкъым ирифыдапсыр кьыпкърэх. Фолиевэ кислотамрэ гъущІымрэ узыншагъэр ирагъэфІакІуэ, узхэм тыншу пэщІэтын хуэдэу, цитруллин пкъыгъуэм гукъыдэжьыр кьеІэт.

ЦитруллинымкІэ нэхъ кьулейхэм ящыщщ алоери, ауэ хъарбызым елъытауэ ар пшхыну, дуаи, нэхъ гугъущ.

Хъарбызым бгъэдэлъ фІы псори зэ кІуэдыжьыгъэм хуагъэкІуащ щІыр хуит зыхуащІа бэджэндыплажьэхэм я зэныныкъуэхэм: ахэр дунейм езым игъэува мардзэхэм токІри, я хадэхэкІыр псынщІэу кьагъэхъуу, адрейхэм нэхърэ фейдэ нэхъыбэ кьыхахьи папщІэ, хьэгъэщагъэрэ гъэпцІагъэу зыхуемыкІуэр кьэгъуэтыгъуейщ. Ахэр егупсысыркъым хъарбызыр кьэзэщІэхухэм я узыншагъэм зэранышхуэ хуэхъункІэ зэрыхъунум. Хъарбызым и хьугуэ нэсащ жыпІэу утегушхуэу, дэнэ и дежи кьыщыпщэху хъунукъым - япэщІыкІэ зэвгъащІэ ар кьэзэгъэкІахэм, абыхэмрэ щэхуакІуэхэмрэ яку дэт сондэджэрхэм ящэ ерыскъыр зэрыкъабзэм щыхьэт техьуэ дэфтэр яІыгърэ ямыІыгърэ

Хъарбыз жьлэр пшхы хъуну?

ЩІэныгъэлІхэм кьызэрахутамкІэ, абы лышх узым зригъэубГуркъым, гумкІэ сэбэнщ, лъы дэуейр кьрегъэлъэхьшэх, жьыгъэм пэщІэтщ. Къэбым и жьлэмэ холестериныр зэтриІыгъащ, лъатэ узымкІэ сэбэнщ, ауэ ухуэсакъыпэу фІэкІа пшхы хъунукъым (махуэм хуэзэу граммит!) - чэм зэран хуэхъунущ.

Сыт хуэдэ хадэхэкІми цІыхур зыхуеину псори хэлъщ, ауэ сэбэпынагъыр зэранигъэм хуэкІуэну фыхуэмеймэ, псомкІи мардэ зэрыщІыгъэр фщІыгъупщэ хъунукъым.

«Кавказ Ищхьэрэ МВП» Іуэхущ1апІэм и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэ.

ЛІыхъужьыгъэр уахътыншэщ

Тэрч районым и щІыпІэ администрацэм зэІущІэ гуапэ щекІуэкІащ. Ар теухуат Плановскэ (Ботэщей) къуажэм къыщалъхуа, Хэку зауэшхуэм хэта Уэрсей Бытыр Хьэтыпіэ и къуэм и унагъуэм СССР-м и къэрал дамыгъэ лъапІэр - «Сталинград зэрихьумам папщІэ» медалыр - зэрыратыжам.

АБЫ къарагъэблагъат лІыхъужьым и къуэмрэ и къэрэлъхуамрэ, Уэрсей лъэпкъым, Плановскэ къуажэм и администрацэм, районым и дзэ комиссариатым, Тэрч щІыналъэм и ветеранэм я зэгуэныгъэмрэ Жылагъуэ палатэмрэ я лІыкІуэхэр.

Уэрсей Бытыр 115-нэ шуудзэм и 278-нэ полкым хэту Сталинград зыхъумахэм ящыкІ. ЛІыхъужьыр 1942 гъэм и бадзэуэгъуэм Ростов щІыналъэм и Мартыновскэ районым деж щекІуэкІа зэхуэу гуащІэхэм я зым хэкІуэдауэ щытащ. Ар илъэс куэдкІэ ящыщащ хъыбарыншэу кІуэдахэм.

Тэрч районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Хьущт Аслъэнбий къэрал дамыгъэм щыхьэт техьуэ дэфтэрыр иритыжащ лІыгъэ хэлъу заузм хэкІуэда лІыхъужьым и къуэ Хьэмышщ.

Дамыгъэр зыхуагъэфэщам Іэрыфмыхьэжами, илъэс 80 дэкІа нэужь, абы и щІэину ар иджы и унагъуэм щызэрахьэнущ. Ар зи фІыгъэр волонтёр, Урысейм и УФНС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кьудамэм налогымкІэ и къэрал инспектор нэхъыщхьэ Нэхущ Ахьмэдщ. ЗэрытщІащи, абы куэд щІауэ иригъэкІуэкІ а лэжьыгъэр.

Уэрсей Бытыр и цІэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Фэеплъ тхьылъым итщ, апхуэдэуи Ростов щІыналъэм и Мартыновскэ районым хиубыдэ Новониколаевскэ жылэмрэ езыр щалъхуа Плановскэ къуажэмрэ дэт фэеплъхэм и щІэр тратэащ. ЛІыхъужьым и фэеплъыр уахътыншэщ, абы и щІэблэм дежкІи мы Іуэхум мыхьэнэуэ иІэр къэлъытэгъуейщ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● ЗыгъэпсэхупІэхэр

Дзэлыкъуэм и щІыуэпсыр

Ди къэрал гъунапкъэншэм иІэщ щІыуэпсыр телъыджэ куэд. Абыхэм, шэч хэмылъу, ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дзэлыкъуэ щІыналъэрэ. Гъэмахуэм щхьэантІагъэм щІихьумэ щІыпІэ дахэр псэущхьэ зэмылІуэжьыгъуэхэмкІи бейщ. Къэбгъэльагъуэмэ, «Іуащхьэмахуэ» зэлъпкъ паркым и Іыхьэфіыр хеубыдэ Дзэлыкъуэ районым и административнэ щІыпІэм.

ЩІЫНАЛЪЭР мэзылъэ щІыпІэхэмкІэ кьулейщ, зыгъэпсэхуакІуэхэр шым гъэшэсын жыпІэми, бгыхэм зыщІегъэпльыхьынми зекІуэ щІэщІагъэхэр мыбдеж кьыщызэрагъэпэщыну Іэмал яІэщ, апхуэдэуи псы хущхьуэ кьызыщІэж щІыпІэхэм зыщрагъэгъэпскІ. А псом цІыхухэр кьыдехьэх.

Дзэлыкъуэ районым и щІыпІэм и процент 20-р яубыдэ мэзхэм. Абыхэм щІыналъэм и теплъэм ядрагъэхьэх, Кьущхьэхъуэ хьупІэхэм я дахагъэм и гугъуэ умыщІыхьэ. Дзэлыкъуэм и псыежэхэм я нэхъыбэр мылхэм кьыщохьэ. Псыкьэрэ Лабэрэ хуэдэу ахэр мыинми, Іэщ1агъэлІэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, рафтинг спорт лІэужьыгъуэхэм хуэдэ щрагъэкІуэкІ хьуну апхуэдэ щІыпІэхэр Іэрыщ1у яухуэфыну щытщ.

Хьэуа кьабзэрэ псынэпс щІыІэхэмрэ зи куэд, зи хьупІэхэр кьущхьэхъуэт удэкІ гъэщІэрэщІа щІыналъэм щыгъэтІылъащ уиІ блынэм кІэралъхьэ, плъыфэ хьэлэмэтхэр зиІэ мывэхэмрэ гъэтэгъэгъуей сэку пІэужьыгъуэхэмрэ. Псы хущхьуэхэр щыкуэдщ, сульфатКІэ, натрийкІэ, кремнийкІэ, хлоридкІэ гъэнщІауэ.

ЦІыуэпсым хущхьэгъуэ иІэхэр джыныкІэ Пятигорск щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым кьызэрилъытэмкІэ, псыхэр уефэныжьмкІи зыщІыбгъэпскІыжьмкІи сэбэпышхуэщ, узыфэ хьэлъэхэр е гъэтІылъахэр я гъэхъужьмкІэ мыхьэнэшхуэ яГэзащІэ.

Псоми зэрытщІэщи, Дзэлыкъуэ районым щІыІэщ Нарзанхэм я псыхъуэр - щІыналъэм и щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэу кьалъытэр. Абы ищхьэжкІи Кьущхьэхъуэ хуитхэр щыІэщ. Гъэмахуэм мыбдеж щыхэр, Іэщ1ышхуэмрэ Іэщ щІыкІумрэ щагъэхъу.

Дзэлыкъуэ районым хущхьэ Каменномостскэ (Кьармэхьэблэ) кьуажэм пэмыжыжьэ, и теплъэкІэ щІэрыІуэ хъуа Шэдхьурей гуэл щІэнэщэ.

Пятигорск кьалэм и илъэ-кьуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ километр 12 хуэдиз дэпІу, «Кавказ» федеральнэ гъэзгуи и километр 383-м хуэзэ тафэм дежщ Тамбукъан гуэлыр здэщІыпэр. Абы хэлъ ятІэм и хущхьуэгъуэм Іэщ1агъэлІэр мызэ-мытІэу тетхьихьащ. Километр зэбгъуэзнатІэ 1,77-рэ кьэзыубыдэ гуэлым и гъунапкъэхэм и Іыхьэ щанэр Дзэлыкъуэ районым ейщ, зы Іыхьэр - Ставрополь щІыналъэм. Ар дуней псом щагъэлъапІэ гуэлхэм ящыщщ, и хущхьуэгъуэхэмкІэ цІэрыІуэ хъуауэ. Тамбукъаным и ятІэхэр Налшык кьалэм и зыгъэпсэхупІэхэмэ Урысейм и курорт куэдми кьагъэсэбэп. Іэщ1агъэлІэхэм кьызэрапщытамкІэ, абы и гъэтІылъыгъэкІэ тонн 1400-рэ мэкъу.

Хущхьуэгъуэ хьэлэмэтхэр хэлъщ Светловодскэ жылэм щІыІэ псы хуабэкъым.

Щ1ыналъэм иІэщ щ1ыщ1ыІуэ, къэкІыгъэ зэмылІуэжьыгъуэ куэд кьыщыкІ, ахэр я нэІэм щІэту щахьмэ щІыпІэхэри. ЗэрыжьтІауэ, районым щІыкІэщІ псы хущхьуэ кьыщыщІэж щІыпІэхэр. Ахэр Малкинскэрэ Малкинскэ Ипщэу зэхэдз. Ябэ гупым хеубыдэ щІыналъэм и щІыуэпс хьугъуэфІыгъуэ хъуа Джилы-Сур (Малкэ псыежэхэм ищхьэкІэ метр 2380-рэ и лъагагъэу щытыр). Абы кьыщІэжьпІэу 4 иІэщи, зыр хуабэщ (+ 22 С). Малкэ псыежэхым и ижьрабгъу ІуфэмкІэ Мысост Нарзанэр щыІэщ, Къарачкъай-Су псы хэлъэдапІэм и лъабжьэмкІэ - Къаракъай-Су зыфащыжкар. Псы кьыщІэжьпІэ 20 хуэдиз дэтщ Шаукамск бгы тхыщІэм екІуэкІ ауз бгъуэзэм. Ахэр кьиномэ 1-2-кІэ зэпыІухащ, псоми зэхэту зы жэщ-махуэм псы литр мини 4-м кьыщыщІдзауэ мини 10-м нэс кьыщыщІэж.

Хьэсэут псыхэри кьыщІэжьпІэ 20 мэхъу, ахэр километр 3-м тегушащ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ республикэм и зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэм зегъэужьыным теухуауэ лэжьыгъэ пыухыкІа зэрекІуэкІыр. Псом хуэмыдэу гъуэгу зэмыкІуалІэ щІыпІэ дахэхэр гъэбелджьыныпмрэ ахэр зыхуей хуэгъэзэнымрэ ехьэлІауэ. Апхуэдэу КъБР-м зыгъэпсэхупІэхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и кьудамэ Щхьэгъэпсэ Аслъэнбий, Дзэлыкъуэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэ Гуэбэл Аслъэн, туризм Іуэхум елэжьхэр я гъуэсу, зыщапльыхьащ Дзэлыкъуэ щІыналъэм. ЗыгъэпсэхуакІуэхэм щхьэкІэ ягъэбелджьла «Къэбэрдей-Балъкъэр бгыльэхэр» гъэгуанэм районым и зыгъэпсэхупІэхэр хагъэхьэну кьыхалъхьащ. А гъэгуанэм зэрипхынущ Шэдхьурей гуэлыр, Кьэжьалыщхьэ бгыр, Джилы-Сур, «Нартсанэхэм я псыхъуэ» экопаркыр, нэгъуэщІкІэри.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэрал гулъытэ зыгъуэт Іэнатіэ

Ди щІыналъэм игъуэт зыужьныгъэм утепсэлъыхьмэ, дызэрыт лэхъэнэр щІыкІуэм ягу къызэринэжыну Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщІэ республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэм хэпщІыкІыу фІы и Іыгъыкъэкіэ зэрызихъуэжар, абы уахъ-ныгъэ инхэр зэрыщекІуэкІар, щколхэмрэ гъэсапІэхэмрэ зыхуей зэрыхуагъэзар. Жылагъуэм мы-лэнэшхуэ щызиІэ а унэтІыныгъэм толажьэ лъэпкъ проект, къэрал программэ хэхахэр.

● Лъэпкъ проектхэр

ІЭНАТІЭМ нобэ кІыпэщІыкІ къаІэн нэхъ инхэр епхащ егъэджэныгъэм щызекІуэ иджырей дунейпсо мардэхэр щІэныгъэ зэгъэгъуэтын Іуэхум хэт Іэщ-лагъэлІхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ къахуэзгъэпэщыным. Ар фІыуэ къагурыІуэу, ди республикэм и унафэщІхэм гулъытэшхуэ хуащІ щІыпІэм егъэджэныгъэ Іэнатіэм зыщегъэужьыным. Мы зэманым къапщытэ ди еджапІэхэр, гъэсапІэхэр гъэ-ДЖЭГЪУЭЩІЭМ ЗЭРЫХУЭХЬЭЗЫРЫР, абыхэм ящыщ къудамэ щекІуэкІ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыкІуатэр. КЪЕР-м ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМРЭ ЩІЭНЫГЪЭМКІЭ И министерствэм и унафэщІхэр иджыблагъэ апхуэдэ мурадкІэ щыІащ Аруан районым. ЩІыпІэ унафэр зезыГъакІуэ кІуныкъуІэхэр я гъусэу абыхэм щыгъуазэ зыхуащІащ районым и егъэджэныгъэ Іэнатіэм иІэ щытыкІэм.

Къэбэрдыкъуэмэ, 2023 - 2024 гъэ еджэгъуэщІэм ирихьлІэу Аруан районым хъэзыр щыхъун хуейщ мы зэманым хуэзыгъэ-зэгъэпэщыжьныгъэ инхэр щекІуэкІ школ 11. АпхуэдизкІэ Іэнатіэ дэт курыт школхэу №№3, 5, 6-хэр, Къэхъун жылэм дэт курыт школитІыр, Стара Шэрэдж щылажьэ курыт школ №1-м и кІудамитІыр, Джэрмэнщык, Псыгуансу, Псынабэ къуажэхэм я еджапІэхэм кІыгъащІыхь унэшхуэхэр. Нарткъалэ дэт курыт школ №2-мрэ Аруан жылэм дэт курыт еджапІэмрэ щІыхьэгъкІынущ илъэситІым тращІыхьауэ щыта ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр. А еджапІэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэхэм Іуэхугъуэ куэд къызэщІаубыдэ. Абыхэм ящыщущ унашъхьэхэр хъэжьныр, лъэгъуэр щІэуэ идэныр, бжэщхьэгъубжэщІэхэр хэлъхьэныр, унэ кІуэцІхэр, щІыбхэр зехьэныр, инженер-коммуникацэхэр, электрокъару зэрыкІуэ кІапсэхэр, псы щІыІэмрэ хуабэмрэ зрикІуэ бжьамийхэр хъуэжьныр, школ пщІантІэхэр зэпэщ щІыныр, нэгъуэщІхэри. А лэжьыгъэхэр Аруан районым щызэфІагъэкІ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэм зегъэужьын» щІыналъэ проектым къыщІигъэльэгъуа Іуэхугъуэхэм ятІонэрэ.

«Дэтхэнэ сабийми и ехьулІэныгъэ» къэрал программэм хьыхьэу Нарткъалэ дэт курыт школ №94-м щызэгъэпэщыжьныщ спорт пІэшыІуэхэр. Апхуэдэ, нэгъуэщІ лъэпкъ проектхэр, федеральнэ, щІыналъэ программэхэр я лъабжьэу, илъэс блэкІам къриубыдэу Аруан районым зыхуей щыхуагъэзащ еджапІитху, спорт пэшыІуэхэр тІу, еджакІуэ 500-м ятещІыхьа школыщІэ щаухуащ.

Мы зэманым и гуащІэгъэуэу йокІуэкІ Къэхъун дэт курыт школхэм ехьэлІа зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэм зегъэужьын» щІыналъэ проектыр и лъабжьэу, мы гъэм и щІымахуэкІэм а курыт школхэм щаублагъуэ щытащ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр. Курыт школ №91-м иІэ Іэмалхэр нэхъыбэу ягъэлъытэри, гъэ еджэгъуэ блэкІам и кІуэх мазищым абы зэблэкІыу щеджащ жылэм дэт школитІми екІуалІэ сабийхэр. Гъэмахуэм щыщу блэкІа зэманым школитІми лэжьыгъэшхуэ щызэфІагъэкІащ ухуакІуэхэм.

- Ди курыт еджапІэр нэхъапІэуэкІэ хэхуауэ щытащ 2024 гъэм къриубыдэу районым щызэрагъэпэщыжьну социальнэ Іуэхугъуэ-ІэкІэм. Атіэми, щІыналъэм иІэ Іэмалхэмрэ зэкІыпІэхэмрэ зэпалъытыжри, школым апхуэдэ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр 2023 гъэм и пэщІэдзэм къыщархьэжьащ, - жиІэ Къэхъун дэт курыт школ №91-м и унафэщІ Понэж ФатІимэ. - Псори зэгъэсу къапщтэмэ, еджапІэм щекІуэкІыну лэжьыгъэхэм хуэаха мылъкур къыхокІ къэрал, щІыналъэ, район бюджетхэм. Абы лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІ проектым къызэрыщыгъэлъагъуамкІэ, ди школым щыщу къатищу зэтет уэнэшхуэр япэ хьэзыр хъунущ, щІыхьапІэри хэту. ЩІэрыщІэ защІэу къызэрэпэща зы унэм хиубыдэ пэшхэм ныбжьыщІэхэр щІэтІысхьэжьинущ фокІадэм и 1-м. ПэщІэдзэ классхэр щеджэ къудамэу ГъатхэМ мазэхэм егъэджэныгъэр щекІуэкІари хьэзыр хъунущ щэкІуэгъуэм и 1-м ирихьлІэу.

Понэжым зэрыжиІэмкІэ, школыр щІыналъэм япэу щаухуауэ щытахэм ящыщущ. ИльэсиплІ пэщІэдзэ еджапІэу ар 1927 гъэм Къэхъун жылэм къыщызэІуахащ. Апхуэдэу лажьэуэрэ, хуэмурэ хуэкІуащ илъэсибл еджапІэм. ИужькІэ, 1937 гъэм, кІуэжьэм щаухуащ япэ курыт школыр. Абы щеджэр къэхъунщ-дэмкІэ и бынхэм я закъуэтэкъым, атІэ Псынабэ, Дохъуашкъуей (иджы Нарткъалэ) щыщ сабийхэми курыт щІэныгъэ щызрагъэгъуэтырт. 1987 гъэм школыр нэгъэпхъуащ къатищу зэтет, еджакІуэ 784-рэ зыщІэхуэу унэщІэм. Актовэ, спорт пэшыІуэхэр зыхэт, сабии 120-рэ зэуэ щыбгъэтІыс хъуну шхапІэшхуэ, библиотекэ, предмет зэмылІэужьыІуэхэр нэхъ кууэ щаджын пэш хэха 11-рэ класс 19-рэ зиІэ еджапІэр зыхуей-зыхуэфІкІэ къыщызрагъэпэщат блэкІа ильэсхэм.

Абы лъандэрэ блэкІа ильэсхэм къриубыдэу зы гъи хэхьакъым еджапІэм гъэмахуэм кІэлъыплъэ-бэу. АтІэми, иджырейм хуэдэ лэжьыгъэшхуэхэр зэи къыщрахьэжьакъым. Нобэ школыр кІыпхуэмыщІыхьужьым хуэдизу зэрагъэпэщыж. Къатищу зэтет унэм и щІыхьапІэр хьэзырщ, къызыхуэтышІэу зэрахьащ кІэлындорхэри классхэри. Лъэгуэм ирадзащ плиткащІэхэр, ламинатхэр, унащхьэхэр щІалуІащ, блынхэри екІуу къращІыкІри зэрахьэжащ, бжэхэри щхьэгъубжэхэри щІэкІэ зэрахьэкІащ, зытхьащІыпІэхэри иджырей мардэхэм хуэкІуэу зэрагъэпэщыжащ. А псоми къадэкІуэу зэрыщІэхьуэжащ инженер-коммуникацэхэр, электрокъару зэрыкІуэ кІапсэхэр, псымрэ хуабэмрэ зрикІуэ бжьамийхэр. Хьэзыру жылІэ хьунущ сабийхэр ерыскъы пІэуфІкІ къыщызэрагъэпэщыну школ шхапІэри. Ар плиткэ дахэкІэ къращІыкІащ, лъэгури ирадзыжащ. Мы зэманым ухуакІуэжэ йолэжь химие, физикэ пэш хэхахэм щІэт сТІол къэс электрокъарурэ псырэ ешэлІэным.

Школым и щІыбым иращІылІэ лэжьыгъэхэм утепсэлъыхьмэ, еджапІэм и унащхьэр яхъуэжащ, бжэ-щхьэгъубжэщІэхэр зыхагъэува блын блыпкъэхэр къращІыкІыжащ, унэ щІыбыр зэрахьэ. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зытещІыхьа проектым гулъытэ щыхуащІащ зи узынщагъэм сэкъат иІэ еджакІуэ щыкІуэхэм папщІэ дэкІуепІэ щхьэхуэ щІынми. ДяпэкІэ зыхуей хуагъэзэнщ школым и пэІущІэ пщІанэтІэ щыпІыкІыжащ. Абы щІыпІэ хьэдэ утыкущхьэри зэІуэпэщ ящІынущ. А щІыпІэхэм щрагъэкІуэкІ хабзэщ еджэныгъэм епха гуфІэгъуэ мазэушхуэхэр, зэхуэсхэр, пэкІуэр.

Ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэм хиубыдэу еджапІэр къызэрагъэпэщынущ иджырей мардэхэм хуэкІуэ унэлъащІэр техникэ пэрыткІэ. КъинэмыщІауэ, школым екІуалІэ сабий поми ирихьуу яІэщ, зэреджэ тхьилъхэмрэ пособиехэмрэ. Абыхэм куэду яхэтщ мы гъэм къыдагъакІа тхьилъыщІэхэри.

Зи гугъу тщІа зэхъуэжьныгъэфІхэм, шэч хэмылъу, хуабжьу щыгуфІыкІынущ егъэджакІуэхэри абыхэм я нэІэм щІэту щІэныгъэм и нэхум хуэпабгъэ ныбжьыщІэхэри. Зэпэщ ящІа, зыхуей хуагъэззэжа, зыхуэныкъуэ псомкІи къызэгъэпэща школхэм я бжэ хуитхэр мыгувэу къыхуэзІуахынущ гъэмахуэм зызыгъэпсэхуа, зи узынщагъэми къаруми хэзыгъэхъуа сабийхэм. Ди щІыналъэм къихъуэ щІэблэм щІэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ екІурэ ябгъэдэлъхьэнырщ, ахэр балигъ ГъащІэм хуэхъэзыру, иджырей ГъащІэм къапигъэтІылъ пІэпэщхьэпэхэм къапимыкІуэту, хэкІыпІэкэр къагъуэтыфу, псэуныгъэм пэлъэщу, къызыхэкІа лъэпкъым, щалъхуа щІыналъэмрэ ди къэрал инымрэ яхуэщхьэпэн ІуэхугъуэфІхэр зэфІахыу дунейм тетыныщу республикэм и унафэщІхэрэ, егъэджакІуэхэри, адэ-анэхэри гурэ псэкІэ зэлІалІэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Лъэужь дахэ къэзыгъэна адыгэ бзылъхугъэ

● Фэеплъ

**Гугъущ къыпхэмытыж щІыхум бгъэдэлъа фІагъ псори къызэщІиубыдэу утепсэлъыхьну. Дунейм къытрина Іуэхугъуэ дахэхэм я гугъу пщІыну иужь уихьэми, а псор къызыпэкІуа щІыхугъэ иныр, Іэдэбгъыр, щыпкъагъэр, щэнхабзэр нэсу къыпхуэумыгъэлъэгъуэнкІэ шынагъуэ щыІэщ. Мы тхыгъэр зытеухуа адыгэ бзылъхугъэм лъэужь дахэ дунейм къызэрытринам и щэсыпІэ нэсщ ар къызыдалъхуахэм, зыщІэлъжьахэм, къызыдэгъуэгурыкІуахэм дапщэщ уахуэмыузэми, и щІэр къызыхущІж зы гукъэкІыж гуэр уэзэрыгъэзэІуэр, и фІагъ зэригъэкІахэм абы гуапагъ инкІэ гъэнщІа псалъэ-хэр зэрыхуэгъэфащэр. И пщэм зы хьэкъ гуэр зэрыдэлъыр зыхищІэжу къыхуиуха пІалъэр екІуу ирихьэкІащ адыгэ унагъуэ дахэ къыхэкІа Инэрокъуэ Аллэ Музрэч и пхъум.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР къэрал университетым эгъащІэр епхауэ зыхьа, медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор Инэрокъуэ Аллэ къызыхэкІар лъэпкъ тхыдэм лъэужьхышхуэ къыхэзыха адыгэ унагъуэжьы. КъызыхэкІа лъэпкъым лъэхъэнэ кІыхьэм къыпхихуа и щІым ныбжь трыримыгъэдзэн, и адэжьым яхуэфащащ жагрыбэІэн щхьэкІэ щІыхум фІы зэрахуищІэнумрэ дахэкІэ ягу къызэринэнумрэ хуэщІэкъуу псэуащ Аллэ.

«Си унагъуэщІ пщэрылъ къыщыхуэкІы хьэкъэр мыхъугъатэмэ, дунейм нэхъ тыншу сытетыфыну пІэрэт, жысІэу сыщегупсыс куэдрэ къхъу. ЩІыхум щІыхуу зиІыльагъужмэ, псэ зыІут дэтхэнэ зыми щІыхугъэ яхуигъэфащэн хуейуэ къызэлытэ. Аущ щІыхугъэр уэркъыгъэкІэ псыхьамэ, а къалэнэр нэхъ хьэлъэ мэхъу – щІэм къыхуагъэфащэ фэм уи фэри ирапІыныщ Іэмалыншэщ. Ар нэсу пхуэгъэзащІэмэщ «сыкъызыхэкІар» щыжьпІэфынур, мис итІанэщ уи адэжьхэм я нэхъэ ІуэхущІафэхэм си Іыхьэ хэльщ, абыхэм кІапэщэ, жыпІэу щыбгъуэдийфынур», - жиІэрт мызэ-мытІэу уэрэшрэгъу сызыхуэхъугъа Аллэ. Инэрокъуэм и щІыху щыкІэм апхуэдизкІэ узыІэпишэрти, и гупсысхэри апхуэдэ дыдэу зэщІэжьыуэрт, къуэмыщтэжкІэ икІи уэмыгупсысынкІэ Іэмал имыІэу.

«Ди адэ-анэр сигу къэмыкІыу, абыхэм я псалъэрэ я щІыкІэрэ щысэтехыпІэ сызмыхъуэу зы махуэ къыхэкІакъым. «ЦІыхуэ фыщыт!» - арат нэхъыщхьэу абыхэм дызыщІагъэдэІуари, дызэрытемыкІыным дыхущІэкъуащ. ЩІэныгъэ къыдаткІэ зэфІэкІакъым, ЦІыхуу уцытынымкъыщІэ сыт ищІысми и пэщІэдзэу зэрыщытыр фІыуэ къыдгурагъэІуащ. ЦІыхур фІыуэ умыльагъуу ЦІыху ухъункІэ Іэмал зэримыІэр ди фІэщ ящІат», - зэкІэлъиткъакІуэрт и гупсысхэр Аллэ.

Шэч хэлъкъым, Аллэ цІыхур фІыуэ зэриІьагъуат зыпэрыуа Іэнатіэм пщІэ щиІэу, къыхихуа Іэщ-ІагъэІэр езыныкъуэмкІэ, зыхуэгъэззахэми къалъыхъуэу щІыщытар. Инэрокъуэм дохутыр ІэщІагъэр КЪЕКЪУ-м щызригъэгъуэтащ. Езыгъэджахэм ящыщ куэдми ягу къызэрагъэкІыжьмкІэ, Аллэ набдзэгубдзаплъэт, Іущт, зыхуэгъаІэдэжу Іуэхугъуэхэм кууэ хэша хъурт. Езыгъаджэхэм я чэнджэщкІэ Инэрокъуэр 1975 гъэм, еджапІэр къызэриухыу, и щІэныгъэм щыхигъэхъуэну интернатурэм щІэтІысхьащ. Абы щІэсурэ Аллэ Налшык къалэм дэт къалэ сымаджэщым терапиемкІэ и къудамэм щылэжьащ 1977 гъэ пщІондэ. Сымаджэщым и лэжьакІуэу, егъэджакІуэу, щІэныгъэ лэжьакІуэу къыщІэзыдза Аллэ дохутыр щІэрыпхуэхэм дзэпыкъуэгъу яхуэхъуну ираджэу хъуащ, иужькІэ доцент хъуащ, итІанэ профессор цІэр къыхуагъэфэщащ, медицинэ зэдаймрэ Іэпкъ-лъэпкъыр жьы щІэхъур зэхэзэгъэкІ щІэныгъэхэмкІэ, жылагъуэ медицинэмрэ уэзышІэгъэ хъумэныкІэ кафедрэм и унафэщІ ящІэнэр и пщІэ къыщдалъхьащ.

Инэрокъуэ Аллэ ди щІыналъэм щынэхъ щІэрыІуэу иса кардиологэм язт, узышагъэр хъумэным епха Іуэхугъуэхэр къызэзэгъэпэщ жэрдэмщІакІуэхэм ящыщт, зи ныбжьыр хэкІуэтахэм ядэІэпыкъу гериатр емыкІыжт. Абы гупыэта хэха хущІыкІт гу узыфхэсм, ахэр къэмыгъэхъуным икІи япэщІэтыным ехьэлІа Іэмалхэм, зэрыщІалэ зэу щымыт сымаджэхэм, гериатрием. 1981 гъэм щІэзыжьауэ абы иригъэкІуэкІа щІэныгъэ лэжьыгъэр зэрыщытыу теухуат лъыдэуйм (артериальная гипертония) епха Іуэхугъуэхэм. Зи ижь и ит къэхутэныгъэр нэхъ къызэщІэубыда хъун папщІэ, Инэрокъуэм автомашинэ зезыгъэкІыр щІыхухъуэм я узынщагъэр хэубыдыкІауэ щІипщытыкІыу хуежьащ. Абы къыриІуащ и кандидат лэжьыгъэр - «Налшык къалэм автотранспорт щызезыгъакІуэхэм я Іуэ дэмыуеин папщІэ щІэхъэхэмрэ зэфІэхьипхъэхэмрэ» зи фІэщыгъэр - Мясников Александр и цІэр зезыхьэ,кардиологемкІэ щІэныгъэ институтым 1988 гъэм щыпхигъэкІыныр. Илъэс бжьыгъэкІэ зи ужь ита къэхутэныгъэхэм зрагъэубгъуэ къыщІэкІащ Инэрокъуэм Профилактикэ медицинэмкІэ къэрал щІэныгъэкъухтакІуэ цитрым 1999 гъэм щыпхигъэкІа доктор лэжьыгъэмэ. «Автотранспортыр зезыгъакІуэхэм кІуруэ гу-лъытхуэ узыфэхэм земыгъэубгъуэным икІи апщІэтыным ехьэлІауэ» зи фІэщыгъэ къэхутэныгъэм Урысейм ит ІэлІауэкъыгъуэ яхэлъри аращ.

Бахъсэн къалэм и къэкІыгъэхэм хуэгъэсапащ биологиие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КЪЕР-м и Парламентым и депутат, профессор ЩхьэгъэпсО Сэфарбий и Іэдакъэщ!экІыу журналым ихуар. Ар гъэхьэзырыныжкІэ щІэныгъэлІым дэІэпыкъуэгъу хуэхъуащ КЪЕКЪУ-м химиемрэ биологиемкІэ и институтым и къудамэм и аспирант Жанокъуэ Лианэ, институтым и «Гербарная» лабораторэм и унафэщІ Нарыкъэ Ранетэ, КЪЕКЪУ-м медицинэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэ ЩхьэгъэпсО Каринэ, нэгъуэщІхэри. Гупым къызэрахутамкІэ, Бахъсэн къалэм удз лІэужьыгъуэу 556-рэ щокІ, дэтхэнэми игъэзащІэ и мыхьэнэр зэхэгъэщхьэхуІаяуэ къраІуэ.

Бзэ щІэныгъэхэмкІэ журналым и къудамэр тхыгъэ ГъащІэгъуэнкІэ и игъэжьыкъуфІащ филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат, КЪЕКЪУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм и доцент Абазэ Албэч. «Андемыркъан» пьесэм Кавказ Ищхъэрэм и драматургием щиубыдэ увыпІэм, абы кьИэт Іуэхугъуэхэмрэ зэхьэлІа лъэхъэнэмрэ топсэлъыхь щІэныгъэлІыр. Пьесэм и тхыдэм ехьэлІауэ Абазэм щІэуэ кІыюгтар къыщыгъэльэгъуащ тхыгъэм. КъыщынэмыщІауэ, «Андемыркъаным» елэжьа, ар зэпкрыбзэ тхакІуэхэм, щІэныгъэлІхэм я гъащІэм тотхыхь Абазэр. Пьесэм и тхыкІэр, гъэпсыкІэр, абы къыщыгъэльэгъуа лІыхъужьхэм я псэльэкІэр, ар щатха лъэхъэнэр едж Албэч.

ЩІДААм и журналым и зи чэзу къыдэкІыгъуэм ихуащ Мейкъуапэ и щІыпІэщІэхэм елэжьа Хьуакъуэ ФатІимэт и тхыгъэ. Ар езыр ТехнологиемкІэ Мейкъуапэ къэрал университетым маркетингымкІэ, сервисымрэ туризмэмкІэ и кафедрэм и лэжьакІуэщ.

ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей Академием КЪЕР-м щиІэ къудамэм математикэмрэ автоматизацэмкІэ и институтым и лэжьакІуэ Мэжджыхь Мадинэ математикэмкІэ иригъэкІуэкІа лэжьыгъэр къытехуащ къыдэкІыгъуэм.

ФЫРЭ Анфисэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Тхылъхэр хьэзырщ

ТАСС-м иригъэкІуэкІа пресс-конференцым УФ-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэм утыку къыщырихьащ 10 -11-нэ классхэм щІэсхэм папщІэ къыдагъэкІыжа, тхыдэр зэраджыну учебникыщІэхэр.

- Тхылъым и Іыхьэ зыбжанэм зэхъуэкІыныгъэ хъарзынэхэр яІэуэтащ. АпхуэдизкІэ 1970 - 2000 гъэхэм ятехуэу Іыхьэхэр зэрыщыту къытрагъэкІыжащ. ЩІэуэу хэдгъэхьащ 2014 гъэм къыщыщІэдзауэ нобэрей махуэхэм къэс, дзэ Іуэху хэхам теухуахэри къызэщІиубыдэу, - жиІащ тхыдэмкІэ учебникым и редакторэу ятха, УФ-м и Президентым и чэнджэщэгъу Мединский Владимир.

Абы къызэрыхигъащамкІэ, 2024 гъэм фокІадэм и 1-м ирихьлІэу хьэзыр хуауэ щытын хуейщ 5 - 9-нэ классхэм щІэс ныбжьыщІэхэм а дерсыр зэраджыну тхылъыщІэхэри.

Сыт зыгъэгузавэр?

Японием и щыІуэныгъэ ихуиту зэрыпсэу илъэс бжыгъэм зэрыхэщыж егъэгузавэ къэрал унафэщІхэр. Иужьрей илъэситІым апхуэдэ щытыкІэм зэрыхуэкІуам и щхьэхуэсыгъуэу къалъытэр пандемиерщ. НэхъапэкІи, 2010 - 2011 гъэхэми Японием я Іуэхум къыгъэзджыхуэу щытащ.

2022 гъэм япон цІыхухъэм ику иту илъэс 81,05-рэ, цІыхубзым 87,09-рэ къыгъащІэрт. 2021 гъэм ельытауэ ар иджы мазихкІэ нэхъ мащІэ хъущ.

Апхуэдизу щытми, Японием Узынщагъэр хъумэныкІэ и министерствэм къызэриІуатыкІэ, я къэралым и цІыхубзхэр дуней псом щынэхъ гъащІэ кІыхьыж. Абы къыкІэлъокІуэ Корее Илщэр (илъэс 86,6-рэ), итІанэ Испаниер (илъэс 85,83-рэ). ЦІыхухъэхэм я гугъу пщІымэ, японхэр ещанэ увыпІэм щытати, еплІанэ хъуащ. Ику иту илъэс бжьыгъэ нэхъыбэ къызыгъащІэр Швейцарием щыпсэухэрэр (илъэс 81,6-рэ.)

Шыщхьэуіум и 10, махуэку

♦1921 гъэм къалъхуащ КЪЕР-м и цІыхубэ тхакІуэ, щІэныгъэлІ **Нало Ахьмэдхъан.**

♦1929 гъэм къалъхуащ КЪЕР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емуз Пьэер.**

♦1930 гъэм къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, «Горянка» газетым и ягъэ редактор нэхъыщхьэу щыта **Сэбаншы Розэ.**

♦1930 гъэм къалъхуащ литературэдж, Дагъыстэным щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ **Ермыб Аслъэн.**

♦1940 гъэм къалъхуащ Сирием кІыкІыжа щІэныгъэлІ, тхакІуэ **Къумыкъу Мамдухь.**

♦1940 гъэм къалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъЕКЪУ-м и профессор, КЪЕР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мызэщ Борис.**

♦1948 гъэм къалъхуащ усакІуэ, тхакІуэ, «Адыгэ амазонкэхэр» тхылъыр зи Іэдакъэщэк! **Ахъмэт МуІэд.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 33 - 34-рэ, жэщым градус 22 - 27-рэ щыхьунущ.

Шыщхьэуіум и 11, мэрем

♦1934 гъэм къалъхуащ КЪЕР-м и цІыхубэ артист, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Къэдзэхъу Султан.**

♦1945 гъэм къалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъЕКЪУ-м и профессор **Дзыхьмыщ Ириня.**

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 33-рэ, жэщым градус 24 - 28-рэ щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар щхьэщэмыщІ Иэзщ.

Лъэпкъ Іуащытэ:

Бжьэ матэ зи куэдым и жьантІэ дегъэувэ.

Хуагъэзыгъэуахэр зэрагъэзащІэм я нэІэ тетщ

● Прокуратурэм къет

Тэрч районым и прокуратурэм къыпщытащ кІэрыхубжьэрыхухэм ехьэлІауэ федеральнэ хабзэм къигъэувэкІэ зэрагъэзащІэр.

КъызэрахутамкІэ, Краснодарийскэ къуажэм коммунальнэ кІэрыхубжьэрыхуэхэр щызэхуахьэсыну щІыпІэ 29-рэ щыхухахащ, арщхьэкІэ ахэр зыхуей хуагъэзакъым, контейнерхэр ягъэувакъым.

Апхуэдэ ныкъуасанытІэхэр къыщыщІагъэщащ Тэрч районым и нэгъуэщІ къуажэхэмэ.

Районым и прокуратурэм а щІыпІэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм яхуигъэуващ ныкъуасанытІэхэр зэрыщІэхьуэжыну икІи ар зэрагъэзащІэм и нэІэ тетщ.

Бжьамийхэр зыхуей хуагъэзащ

Бахъсэн къалэм и прокуратурэм яхуигъэуври, щыщІэныгъэхэр ягъэзэкІуэжащ.

Къалэм и прокуратурэм къыпщытащ унэхэмрэ социальнэ хэщІапІэхэмрэ хуабэкІэ къызэрэпэщынымкІэ хабзэм къыхуигъэувэкІэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм зэригъэзащІэр.

КъызэрыщІагъэщамкІэ, фэтэр куэду зэхэт унэм и щІыпІэм къызэрагъэзахуэб бжьамийхэр нэсу зыхуей щыхуагъэзащхьэ.

Прокуратурэм а ныкъуасанытІэхэр игъэзэкІуэжыну компаниим и унафэщІым хуигъэувати, лэжьыгъэр зэфІахащ.

Зэрызахъумэ хьэпшыпхэмкІэ къызэрагъэпэщ

Шэрэдж районым и прокуратурэм иригъэкІуэкІащ цІыхухэр лэжьыгъэкІэ къызэгъэпэщыным теухуа хабзэхэр зэрагъэзащІэм теухуа къэпщытэныгъэхэр.

КъызэрыщІагъэщамкІэ, районым и администрацием къызэпаудырт лэжьыгъэ законодательствэм къигъэув хабзэхэр - хьэкухэр зыгъэлІэ машинистхэм, шофёрхэмрэ щІыпІэр зэщІэзыкъуэжьмэ-рэ яІэтэхьм я шынагъуэнщагъэр къызэзыгъэпэщ хьэпшыпхэр.

Районым и прокуратурэм къуажэ администрацэхэм яхуигъэлъэгъуа ныкъуасанытІэхэр ягъэзэкІуэжакъым икІи абы ехьэлІауэ прокурорым суд дым зыхуигъэзэн хуей хъуащ.

Іуэхум хэпльа иужькІэ прокуратурэм къигъэувэхэр ягъэзэщІащ - къуажэ администрацэхэм къащІэхуащ я лэжьакІуэхэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

ЩІэныгъэлІхэм я къэхутэныгъэ тхыгъэхэр

● ЩІДААА

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием къыдигъакІ щІэныгъэ журналым 2023 гъэм и 2-нэ хьащІэкІыгъуэр дунейм къытехащ. Абы къызэщІеубыда математикэмкІэ, техникэмкІэ, биологиемкІэ, медицинэмкІэ, бзэ щІэныгъэхэмкІэ тхыгъэ купщІафІэу адыгэ щІэныгъэлІхэм ягъэхъэзырахэр. КъищынэмыщІауэ, журналым ихуащ «Зи хуэдэ щымыІэ адыгэ щІыупэс щэнхабзэ» зыфІаща зэщІэр Налшык къалэм зэрыщекІуэкІам теухуа тхыгъэри.

ЭСТАКАДЭМ зэгъэшу хэзщІа фюзеляжрэ геометрие пыухыкІа зиІэ, дамэ щІэщыгъуэ зытет экраналёт ухуэным теухуащ техникэ щІэныгъэхэмкІэ доктор Зэкъуфей Аслъэнрэ физико-математикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор Ашэбокъуэ Борисрэ зэдатха лэжьыгъэр. Абы къыщыгъэльэгъуащ уэгум ит экраналётым сыт хуэдэ псынщІагъэ имыІыгъми, хьэуар зэран къыхуэмыхьуу зэрагъэлажьэ щыкІэр.

Дунейр хуабэІуэ зэрыхъум дзэгъуа губгъуэжьихапхъэр (амброзиер) щыхуэм я узынщагъэм зэрыжьэхуэумрэ абы зэрыпэщІэт Іэмалхэмрэ дагъэщІыну медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, аллерголог-иммунолог Щоджэн Мадинэрэ «Аллергологиемрэ иммунологиемкІэ Іуэхущ-лІэм» и аллерго-иммунологие къудамэм и унафэщІ, профессор Хутуевэ Светланэрэ. Абыхэм тхыгъэр ягъэхъэзырынымкІэ щІэгъэкъуэн хьахуэхъуащ «ИммунологиемкІэ институт» къэрал щІэныгъэ Іуэхущ!апІэу Москва щыІэм и ординатор Щоджэн Паурэрэ КЪЕР-м «Аллергологиемрэ иммунологиемрэ и Іуэхущ!апІэм» и лэжьакІуэ Мужабаевэ Еленэрэ. Тхыгъэм къыщыгъэльэгъуащ губгъуэжьихапхъэр зэрыбгъэуцІыкІэр, ар хуабэм къызэрыхэкІыр, цІыхум зэран зэрыхуэхъэрэр дяпэкІэ аллергием зэрыпэщІэтыну яубзыхуэ ІэмалыщІэхэмрэ. Дохутырэхэм зэрыжаІэмкІэ, мы къэкІыгъэ зэмылІэужьыгъэхэр я нэпсыр къыщІож, я пэр кьыпож, мыбзэуфу я тэмакъыр щеубыдыкІ, я щІыфэр къоІэлъ. КъищынэмыщІауэ, губгъуэжьихапхъэм «щышынэхэм» къэб жьлэр езэгъэкІыным, бананым, мыІэрысэм, хуэрэджэм егъэсымаджэ. Абы и щхьэусыгъуэр мы пхъэщхьэмщхьэхэмрэ губгъуэжьихапхъэмрэ зы белок лІэужьжьыгъэщ яхэлъри аращ.

Бахъсэн къалэм и къэкІыгъэхэм хуэгъэсапащ биологиие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КЪЕР-м и Парламентым и депутат, профессор ЩхьэгъэпсО Сэфарбий и Іэдакъэщ!экІыу журналым ихуар. Ар гъэхьэзырынымкІэ щІэныгъэлІым дэІэпыкъуэгъу хуэхъуащ КЪЕКЪУ-м химиемрэ биологиемкІэ и институтым и къудамэм и аспирант Жанокъуэ Лианэ, институтым и «Гербарная» лабораторэм и унафэщІ Нарыкъэ Ранетэ, КЪЕКЪУ-м медицинэмкІэ и къудамэм и лэжьакІуэ ЩхьэгъэпсО Каринэ, нэгъуэщІхэри. Гупым къызэрахутамкІэ, Бахъсэн къалэм удз лІэужьыгъуэу 556-рэ щокІ, дэтхэнэми игъэзащІэ и мыхьэнэр зэхэгъэщхьэхуІаяуэ къраІуэ.

Бзэ щІэныгъэхэмкІэ журналым и къудамэр тхыгъэ ГъащІэгъуэнкІэ и игъэжьыкъуфІащ филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат, КъЕКЪУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм и доцент Абазэ Албэч. «Андемыркъан» пьесэм Кавказ Ищхъэрэм и драматургием щиубыда увыпІэм, абы кьИэт Іуэхугъуэхэмрэ зэхьэлІа лъэхъэнэмрэ топсэлъыхь щІэныгъэлІыр. Пьесэм и тхыдэм ехьэлІауэ Абазэм щІэуэ кІыюгтар къыщыгъэльэгъуащ тхыгъэм. КъищынэмыщІауэ, «Андемыркъаным» елэжьа, ар зэпкрыбзэ тхакІуэхэм, щІэныгъэлІхэм я гъащІэм тотхыхь Абазэр. Пьесэм и тхы

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Ди махуэгъэпс

ТекІуэныгъэм и мэ гуакІуэр

Илъэс 80 ирикъуад Орёл, Белгород къалэхэр хуит къызэращІыжрэ

Зэ елпъыгъуэкІэ мы къалитІыр зыкІи зэпхауэ щытхъым: хуит къыщащІыжа махуэр зэтехуа къудейщ. ЕтІуанэрауэ, 1943 гъэм иужькІи ди Дзэ Плъыжьым къалэ куэд зэрыпхъуакІуэхэм къыІэщигъэкІыжащ зыхъомкІэ абыхэм нэхъ нэхъ инхэри яхэту, ауэ нэгъуэщІхэм я цІэхэр апхуэдэу дуней псом щыІуакъым.

АтІэ сыт ар къызыхэкІар? А къалитІым япэ дыдэу текІуэныгъэм и салют зэрыхуатарщ, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм къриубыдэу. Абы къыхэкІыуи ар нэщэнэ хуэхъуат ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыблагъэм.

Иджы дытепсэлъыхьынц а Іуэхугъуэфіхэр къызэрыхъуам теухуауэ тхыдэджхэм къытхуаІуэтэжэм.

1943 гъэм бадзэуэгъуэм и 12-м яубла «Кутузов» зауэ Іуэхум хэту шыщхьэУІум и 5-м и пщэдджыжьым хуит къащІыжащ Орёл. Нэмыщ щІэпхъэжаэм ар зэрахъумэн къару иІэжтэкъым. Арщхьэкіэ Белгород хуит къащІыжьынымкІи дехьащ, абы ди дзэхэр щыдыхьэфари шыщхьэУІум и 5-м и пщыхьащхьэрщ, нэхъ тэмэму жьпІэмэ, сыхьат 18-рэ дакъикъэ 30-рщ: бийм и танк гупышхуэхэм зыкъыпэщІасэрти, хуэм дыдэурэ фІэкІа кІуэтэфырэтэкъым. Абы щыгъуэми, Сталин Иосиф жралакІэт Орёл и гъусэу Белгороди ди ныпкэр щыфІадзауэ: шэч къытрахьэртэкъым апхуэдэу зэрыхъунум. Гугъуехьэр къызыхэкІар мы къалэр хуит къащІыжынымрэ зыхэт, «Дзэзешэ Румянцев» Іуэхум зэрыщІадзэрэ махуитІ нэхъри нэхъыбэ зэрыдэмыкІарт. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, фашистхэм иджыри къаруушхуэ ябгъэдэлът. Арщхьэкіэ ди зауэпІэхэр иджы зыми къиГъэувыІэфынутэкъым.

Урыс пасэрей къалитІым щыпсэухэм я нэгу щІэкІаехэри зэщхьт. Нэмыщхэр Орёл къызэрыдыхьэу щІыху мамырхэр зэтраукІэу щІадзат. Я адэжь щІэину къалэр къалъысауэ зыльытэ зэрыпхъуакІуэхэм ткІийІуэ яГъэувырт еэыхэм я хабзэхэр. Инджалыз журналист Берт Александр зэритхьжакІэ, фашистхэр абыхэм зэи теКІуэртэкъым: «ЦІыхухэр гъубж, мэрем махуэхэм яуКІырт, пщэдджыжьыр сыхьэти 10-м щегъэжьауэ. Гестапом и взводыр тхьэмахуэ зэхуакум тІэу Іухьэрт лъэхъуэщым». КІэщу жьпІэмэ, пІащІэртэкъым. Езы Орёл областым щызэщІагъэуІуат украин националистхэр зыхэт «Украинэ компание» лІыуКІ гуп. Ахэр хьэкІэкъуэкІэ дыдэхэт: абыхэм я дежкІэ гухэхъуэшхуэт щІыхуэхэр ящкІынырт. Хэбгъэзыхьмэ, уи гур къызэфІэмынэу пхужьІэнукъым абыхэм ящІэу щытар.

Зауэм и пэкІэ Белгород щІыху мин 35-рэ щыпсэуауэ, фашистхэр щыдэкІыжам дэсыжар щІыхуи 150-рэ хуэдизщ. Арсъудейм къеГъэлъэгГъуэ мыбы щызэрахъа бзаджэнаджагъэр зэрыгъунапкъэншэр.

Ёзы кьалэр тІэунейрэ зэрыпхъуакІуэхэм яІэщІэльащ. Ящэу ар хуит къащІыжат 1943 гъэм мазаем и 9-м. Арщхьэкіэ яхуэІыГъакъым: а илъэс дыдэм гъатхэпэм и 18-м арГуэру бийм иубыдыфат. Ящэми пЫиифэм лъэужь бзаджэхэр къыщагъэнат мы щыналъэм, ауэ иджы ирагъэкъужащ зыхунэмысу къэнахэр...

«Красная звезда» газетым и корреспондент Галин Борис 1945 гъэм щыщхьэУІум и 7-м Орёл илъэтыкІыу Белгород щыІа иужь итхьжам щыщ пычыгъуэ цІыкІу. «Нэмыщэ икІуэтыжхэм Орёли Белгороди нэхъ Іеижу зэхаХуатащ. Ахэр уэрамхэм дэтт унэхэр къагъаГуэу, ягъэсу. Орёл дэ щытлъэГъуащ нэмыщэм и «дзэкъапІэ» гущІэгъуншэхэр икІи ди гугъэт ар гущІэгъуншагъэм и мардэу. Арщхьэкіэ Белгород щызэхащІыхьар нэхъ Іеижу къащІыкІащ. Ар уи акъыл нэмысынщ. Мыбдеж нэмыщэ бзаджэнаджагъэм нэхъ шынагъуэжу зыкъыщІэзэІуихащ. Белгород хьэ гъэсахэр зыщІыгъу фашистхэр урыс щыхуэм щещакІуэрт икІи пщыплхэм хуэдэу яубыдурэ ирашажьэрт»... Мыбдеж гурыІуэгъуэ щохъу а къалэм апхуэдизи цІыху фІэкІа къыщІадэмынэжам и щхьэусыгъуэр. Абы, уеблэмэ пщегъэгупщэж ящу къалэр щаубыдам хьэщхьэрыІуэхэм къалэ Іыгъэм зэуэ цІыху 1700-рэ щаукІауэ зэрыщытар».

Апхуэдэ жыхьэнмэ мафІэм хэта къалэхэр хуит къызэращІыжар гуфІэгъуэщхуэтэкъэ?! 1945 гъэм щыщхьэУІум и 5-м и пщыхьэщхьэр зэкІуэтауэ абы и саулыкъуКІэ Москва текІуэныгъэ салютКІэ щызэщІэгъуэГъуащ топищар. Абыхэм къыпэтыкІа щэ эмыФэгъуэхэм СССР-м и щыхьэрым и уэгър тхьпхъэщІыпхъэ дахащэхэмкІэ яуфэбгъащ. Зи нэхэм нэпсхэр къыщІэж цІыхухэм ягуэр псэхужат: ящІэрт иджы дяпэкІэ апхуэдэ гъуэгуэ макъэхр куэдрэ зэрызэхахынур. Абыхэм къащІихьат ТекІуэныгъэ Иным и мэр...

ЦІыхугъэр яфІэкІуэдыпат

● Тхыдэ

Иджырей Украинэм и унафэщІхэр хуейкъым Хэку зауэшхуэм текуауэ зыри ягу къагъэкІыжыну. Псом хуэмыдэу зэрыпхъуакІуэхэм къуажэхэр щІым щыщ ящІыжу зэрыщытар. Ар къызыхэкІри гурыІуэгъуэщ: езыхэри а фашистхэм къащхьэщыкІыркъым. Абы и щыхьэтщ Донецк, Луганск, Горловкэ къалэхэм, нэгъуэщІхэм я цІыху мамырхэр зэрызэтраукІэр. Аращ нэмыщхэм езы Украинэм щызэрахьа хьэкІэ-кхъуэкІагъэр «щІащыгъупщэжари». Волынь областым хьыхъ Ратнэ районым щыщ Кортелисы къуажэр 1942 гъэм зэрагъэсари абыхэм ящыщщ.

ЗАУЭМ и пэкІэ мы жылэшхуэм цІыху 3213-рэ щыпсэуащ - украинхэр, урысхэр, белорусхэр, поляхэр, журт унагъуэ 40 хуэдиз. Журтхэм я нэхъыбэр сатуущІхэт, Іэщ1агъэлІэхэт. Абыхэм яГъэлажьэрт тыкуэнищ, кІыщ зыбжанэ. Хуэхуейхэт. Нэмыцэхэр къэкІуа иужь, къуажэм гъащІар къыщыІэтеувыІащ - фашистхэм журтхэр яуКІыу щІадзащ. ЯщэщыкІэ яубыдащ цІыху 30-м нэс. Ахэр адрейхэм ялъагъуу яуКІащ. ИпэІуэкІэ мэзым щыхьэжа партизанхэр гуп зэрыгъэхъуащ, бийм къыІэщІэкІа ди зауэлІхэр къахьыхьэри. Іэтащ1ыкъэ хахащ Михайловский Борис. Партизанхэм зэрыпхъуакІуэхэм хэщІыныгъэшхуэ иратырт, нэмыцэхэмрэ полицайхэмрэ яуКІырт. Ауэ нэгъуэщІи зэхащІыхьырт: Кортелисы кьыдыхьэрэ ерыскъы, щыгъын дашырт. Уёблэмэ иратын зымыда ящыныкъуэ журт унагъуэхэм ящыщ балигъэкъэ яуКІащ. МафИтІым яку къыдэхута тхьэмыщкІэхэм къахуэнэжкІэ мэзым, шэдыпъэ щІыпІэхэм зыщагъэпщкІуныр.

ЗэрыпхъуакІуэхэм дэтхэнэ къуажэми хуагъэуващ езыхэм гъавзу, гъэшу, лыуэ, джэдыкІэу Іахынр зыхуэдизыр. Жьыпэ гъэнэгъуэм къытралъхьар ягъэзащІэрт. Кортелисы щыпсэухэм ятырэтэкъым. Абы къыхэкІыу нэмыщхэм зы полицай ягъэкІуащ Іуэхур зыІутыр зрагъэщІэну. Партизанхэм ар гущІэгъуншэу яуКІащ. Апхуэдэу щыхъум, фашистхэм жалащ дяпэкІэ зы нэмыщэ е полицай яуКІмэ, къуажэр зэрагъэсынур. Арщхьэкіэ тхьэмахуитІ нэхъ дэмыкІыу Кортелисы кьыщагъэтыжащ нэмыцитІым я хьэдэ. Мыгувэу аргуэру зы нэмыщэ хьэдэ...

Партизанхэм фашист зэрыпхъуакІуэхэм псэхугъуэ иратыртэкъым, арщхьэкіэ щыпІэхэм щыпсэухэми къалъэІэсырт. ЛъэныкъуитІми къаГъэувырт езыхэм я унафэхэм фІэкІа нэгъуэщІым ей ямыгъэзэщІэну. АтІэ сытыт ящІэнур лІыжьхэм, цІыхубзхэм, сабийхэм? А упщІэм жэуап иратыфынутэкъым нацистхэми партизанхэми.

1942 гъэм щыщхьэУІум и 26-м ахэр Кортелисы дыхьащ. ЦІыху зыбжанэ яуКІри, дяКІыжащ, абы иужькІэ партизанхэр щынэну я гугъэу. Арщхьэкіэ дэнэт?! Абыхэм аргуэру яуКІащ зы нэмыщэ сэлэтрэ офицерРэ.

Мис итІанэ зэрыпхъуакІуэхэм мурад ящІащ Кортелисы дэсхэми кьеГъэщІыпІа къуажэхэм щыпсэухэми зэи ящымыГъущэжыну дерс гууз иратыну. 15-нэ полицай полкым и Іэтащхьэ Голлинг Юрген кьыдигъэкІащ «бандит уз зэрыщІалэм» зэщІищта къуажэхэр щІым щыщ ящІыжыным теухуа унафэ. Дунейм тебзэхыкІын хуейт Кортелисыр я гъунэгъу къутыр 20-рэ.

«Щимэ» зыфІаща Іуэхур яГъэзэщІэн папщІэ Нюрнберг къалэм кърашащ щыкъэ полицайхэм я ротэ. Къуажэр къаувыхьын икІи ерыскъыхэкІэр къыдашын хуейт Украинэмрэ Белоруссиемрэ я жылагъуэ зыбжанэм я старостэхэм. «Ажал зехьэ ротэм» я Іэтащхьэт обер-лейтенант Глюкс. ЯГъэува хабзэщІэм щыГъуазэ ящІын хуэдиз жаІэрт, къуажэдэсхэр япэщІыкІэ зэхуэхусац, итІанэ члисмэрэ школымрэ щІахуэу щІадзащ. ИужькІэщ загъэпщкІун зэрыуейр щІыхухэм къащыгурыІуар. ПкІэунэм е щІыунэм зыщІызыудыгъуаэхэр псэууэ къэнащ.

ЩІыхухэр яуКІыу щІадзащ сыхьэти 9-м, сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 25-м пэсри зэфІэкІат. Зы сыхьэт загъэпсэхуащ, щэджэгъуашхэ ящІу, - псори зэпэщэчат. ЦІыхухэр зэуэ щаукІырт щІыпІи 5-м. Пулемётышэхэм я лъапэ макъыр щІаущэн папщІэ, автомобиль моторхэр яГъалажьэрт. ЯщэщыкІэ яуКІащ зи щІалэгъуэхэр. Гугъу дежьакъым лІыжьхэр, цІыхубзхэр, сабийхэр зэтеуКІэным. Шэхэм щысхьыри, сабийхэмрэ лІыжьхэмрэ фоч лъэдакъэхэмкІэ яуКІырт. Хьэдэхэр полицайхэм къатІа мащэхэм ирадзэри, ятІэ тІэкІу тракІутэжьырт. ЩІы щхьэфэр зыкъомрэ хьеяуэ яІуэтэж...

Гюкс хуитхащ и унафэщІым: «Уи унафэр хъарзынэу дгъэзэщІащ. Ротэм хэщІыныгъэ игъуэтакъым. Зы шофёр сымаджэ хъуащ. Патрон мини 4-рэ 321-рэ дгъэсащ. Зы пулемёт зэщІэплъэІуащи, зэгъэпэщыжьын хуейщ. Псори зэхэту цІыху мини 3-м нэс дуКІащ».

Іэтащ1ыкъэ жьпІэмэ, цІыху мини 3 яуКІыным шэ мини 4-щ трагъэкІуэдар. Шэрыуэхэт...

Кортелисы щыщу къэнар яжьащ. ИужькІэ абы и махуэр къахуэкІуащ Тарасовэ, Хомут, Рябино, Косицы, Ягодковэ, Сосновкэ къуажэхэм, нэгъуэщІхэми.

Мыбдеж мыгурыІуэгъэр партизанхэм зыри щымащІыр. Ахэр щыгъуазэт фашистхэм ящІэм, арщхьэкіэ кърагъэлпыну хущІэкъуакъым. Абы щыгъуэми, къуажэдэсхэрт ахэр зыгъашхэри, зыхуапэри, зыгъэхуабэри. ЯуКІахэм, уеблэмэ яхэтт партизанхэм я адэ-анэхэр, я къуэшхэр, я шыпхъуитІми къаГъэувырт езыхэм я унафэхэм фІэкІа нэгъуэщІым ей ямыгъэзэщІэну. АтІэ сытыт ящІэнур лІыжьхэм, цІыхубзхэм, сабийхэм? А упщІэм жэуап иратыфынутэкъым нацистхэми партизанхэми.

Мис итІанэ зэрыпхъуакІуэхэм мурад ящІащ Кортелисы дэсхэми кьеГъэщІыпІа къуажэхэм щыпсэухэми зэи ящымыГъущэжыну дерс гууз иратыну. 15-нэ полицай полкым и Іэтащхьэ Голлинг Юрген кьыдигъэкІащ «бандит уз зэрыщІалэм» зэщІищта къуажэхэр щІым щыщ ящІыжыным теухуа унафэ. Дунейм тебзэхыкІын хуейт Кортелисыр я гъунэгъу къутыр 20-рэ.

«Щимэ» зыфІаща Іуэхур яГъэзэщІэн папщІэ Нюрнберг къалэм кърашащ щыкъэ полицайхэм я ротэ. Къуажэр къаувыхьын икІи ерыскъыхэкІэр къыдашын хуейт Украинэмрэ Белоруссиемрэ я жылагъуэ зыбжанэм я старостэхэм. «Ажал зехьэ ротэм» я Іэтащхьэт обер-лейтенант Глюкс. ЯГъэува хабзэщІэм щыГъуазэ ящІын хуэдиз жаІэрт, къуажэдэсхэр япэщІыкІэ зэхуэхусац, итІанэ члисмэрэ школымрэ щІахуэу щІадзащ. ИужькІэщ загъэпщкІун зэрыуейр щІыхухэм къащыгурыІуар. ПкІэунэм е щІыунэм зыщІызыудыгъуаэхэр псэууэ къэнащ.

ЦІыхухэр яуКІыу щІадзащ сыхьэти 9-м, сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 25-м пэсри зэфІэкІат. Зы сыхьэт загъэпсэхуащ, щэджэгъуашхэ ящІу, - псори зэпэщэчат. ЦІыхухэр зэуэ щаукІырт щІыпІи 5-м. Пулемётышэхэм я лъапэ макъыр щІаущэн папщІэ, автомобиль моторхэр яГъалажьэрт. ЯщэщыкІэ яуКІащ зи щІалэгъуэхэр. Гугъу дежьакъым лІыжьхэр, цІыхубзхэр, сабийхэр зэтеуКІэным. Шэхэм щысхьыри, сабийхэмрэ лІыжьхэмрэ фоч лъэдакъэхэмкІэ яуКІырт. Хьэдэхэр полицайхэм къатІа мащэхэм ирадзэри, ятІэ тІэкІу тракІутэжьырт. ЩІы щхьэфэр зыкъомрэ хъеяуэ яІуэтэж...

Гюкс хуитхащ и унафэщІым: «Уи унафэр хъарзынэу дгъэзэщІащ. Ротэм хэщІыныгъэ игъуэтакъым. Зы шофёр сымаджэ хъуащ. Патрон мини 4-рэ 321-рэ дгъэсащ. Зы пулемёт зэщІэплъэІуащи, зэгъэпэщыжьын хуейщ. Псори зэхэту цІыху мини 3-м нэс дуКІащ».

Іэтащ1ыкъэ жьпІэмэ, цІыху мини 3 яуКІыным шэ мини 4-щ трагъэкІуэдар. Шэрыуэхэт...

Кортелисы щыщу къэнар яжьащ. ИужькІэ абы и махуэр къахуэкІуащ Тарасовэ, Хомут, Рябино, Косицы, Ягодковэ, Сосновкэ къуажэхэм, нэгъуэщІхэми.

Мыбдеж мыгурыІуэгъэр партизанхэм зыри щымащІыр. Ахэр щыгъуазэт фашистхэм ящІэм, арщхьэкіэ кърагъэлпыну хущІэкъуакъым. Абы щыгъуэми, къуажэдэсхэрт ахэр зыгъашхэри, зыхуапэри, зыгъэхуабэри. ЯуКІахэм, уеблэмэ яхэтт партизанхэм я адэ-анэхэр, я къуэшхэр, я шыпхъуитІми къаГъэувырт езыхэм я унафэхэм фІэкІа нэгъуэщІым ей ямыгъэзэщІэну. АтІэ сытыт ящІэнур лІыжьхэм, цІыхубзхэм, сабийхэм? А упщІэм жэуап иратыфынутэкъым нацистхэми партизанхэми.

● Жылагъуэ

Чэзур Адыгейм ейт

Ставрополь крайм щытраха «Лицо кавказской национальности» нэгуэшуж, акъылыр зыгъэлажь Іуэхум и чэзур Адыгейм лъагъэсащ.

НЭТЫНЫР тезых гупыр а республикэм кІуащ. Хэзыгъэгъуазэ япэ Іыхьэм зыкъыщигъэлъэГъуащ Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджес, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм щІыхь зиІэ я артист Быштэ Азэмэт. ЕтІуанэ Іыхьэм хэтащ Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и артист, блогер-зыплъыхьакІуэ Хьэщіэмыз Іэдэм.

«Лэгъупыкъу» Іуэхущ1аІэм и лэжьакІуэ Сапиев Ерстэм иригъэблэгъащ нэтыным хэтхэр. Ахэр зэпеуащ кхъуей хэхыныкІэ. Иужьым щІынальэм зыщ1ащІыхьаащ.

- Ди щІынальэр гъэщІэгъуэнщ, абы щыпсэуэр дыхущІокъу ди лъэпкъ хабзэр, щэнхабзэр, бзэр тхъумэжу зэрыдыджыным, - жиІащ Хьэщіэмыз Іэдэм.

Мы Іуэхум кьызэщІибыдэу нэтын 16 ягъэхъэзырыну я мурадщ. Тхаліуэ, психолог, хьэрычэтыщІэ Инкерманн Катя и псалъэм кьыхигъэщащ, нэтынныр езыгъэкІуэкІ Кагиев Аслъэн зэрыжиІамкІэ, абы епГъынхэм я гупсысэм зэрызригъэхъуэжынур.

- Кавказыр сыкъыщыхъуа щынальэщ. ГукІи псэкІи абы и къэкІуэнум срогузавэ икІи щІынальэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэсщІыну сыщІохъуэпс, псом хуэмыдэу Кавказым и Минводы щІыпІэхэм. Турист куэд къьеІуалІэм и мызакъуэу, иджырей щІэныгъэ щызэрагъэгъуэт щынальэущ ар си нэгу къызэрыщІыхьэр, - жеІэ Катя. - Лъэпкъ щэнхабзэр, щІынальэм и щІыуэпс къулейр, Іэщ1агъэпІ Іэкіуэтыжьхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэр Іэмальфіщ абы и лъэныкъуэкІэ. Аращи, мы Іуэхур къыхэзыльхьаэми абы хэтхэми фІыщІэ яхузощ.

Кавказым зэфІэкІ зиІэ щІалэгъуалэ куэд исщ. Нэтыным хэтщ егъэджакІуэхэр, артистхэр, театрымрэ кинормрэ я режиссёрхэр, дохутырхэр, спортсменхэр, тхаліуэхэр, нэгъуэщІхэр. ЩІынальэм ис щІыхухэр гуапэщ, хьэщІэм пщІэ хуэзыхьащ. Языныкъуэхэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм Іэпхъуэми, нэхъыбэр я щІынальэм хъонэж.

«Лицо кавказской национальности» лжжыгъэр зэфІех «Институт социально-креативного развития актива» Іуэхущ1аІэм, «9 волна» музыкэ телеканалым щыгъуу, щэнхабзэ жэрдэмхэмкІэ Президент фондыр, Кавказым хьыхъэ щІынальэхэм щэнхабзэмкІэ я министерствэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ я дзэпІыкъуэгъуэу.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Фысакъ

МафІэсым щыфхъумэ

2023 - 2024 гъэ еджэгъуэщІэр къоблагъэ. Абы къриубыдэу еджапІэхэм я унафэщІхэмрэ мафІэсым пэщІэтынымкІэ Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэмрэ я къалэн нэхъыщхьэхэм ящ щи школкІуэгъуэ мыхъуахэр зэкІуалІэжьэм, еджапІэхэм мафІэс шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныр. Къапщтэмэ, абыхэм ящыщщ сабий садхэм я гъэсэныр, школакІуэхэр, а Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэмрэ я мыпхъумрэ мафІэсым щыхъумэнымкІэ Іуэхуэгъэ егъэкІуэкІынырр. Хабзэм къызэригъэувымкІэ, ар я къалэнщ абыхэм я унафэщІхэу, пэш хэхахэм (химиемрэ физикэмкІэ кабинетхэм, мастерской, лабораторэ пэшхэм), электросетхэм, нэгъуэщІхэми абыкІэ жэуап зыхьынуэр зыгъэувэхэм.

ЕДЖАПІЭХЭР, абыхэм къеГъэщІылІа щыпІэхэр и чэзум зэщІагъэкъэбзэн хуейщ. Бгъэс хъунукъым къыпыщащэ тхьэмпэхэр. А щІыпІэхэм тутын ущефэнри къезэгъыркъым. Убзыхуауэ щытыпхъэщ мафІэм зыщІыхъумэнымкІэ лэжьыгъэхэр егъэкІуэкІынырр, еджэгъуэр, нэгъуэщІ Іуэхуэхэр яуха иужькІэ пэшхэр зыкъэхапІъыхьу бжэхэр ягъэбыдэжьынырр.

ЕджапІэхэр щІыху куэд щызэхуэсхэм ящыщщи, абы гулъытэ хэха щыхуэщІыпхъэщ хуей щыхъум деж щІыхуэхэр зэрыщІагъэІэпхъукІыну щІэкІыпІэхэр тэмэму щытыным. Дэтхэнэ еджапІэми апхуэдэ щІэкІыпІэу тІу нэхърэ мынэхъ мащІэ иІэн хуейщ: абыхэм языр мафІэм иубыдамэ, етІуанэр къагъэсэбэн. Апхуэдэ щІэкІыпІэхэр Іэмал имыІэу зэІуахуэ щытын хуейщ. Абыхэм я бжэхэр пэшым ущыщІэкІ лъэныкъуэмкІэ хуиту щІэзэІупхъу щІэпхъэщ. ДжІуеипІэхэри апхуэдэхэм деж къагъэсэбэгъэри, абыхэм я лъабжьэхэр гъэтІылъыпІэ пщІы хъунукъым. КъыщІэгъэІэпхъукІыпІэхэмрэ еджапІэ пэшхэмрэ пхъэкІэ, пластикклІэ е псынщІэу къэлыд псэуалъапхъэкІэ къращІыкІыну хуит ящІыркъым: зыгуэркІэ мафІэс къэхъумэ, абы кърикІуэнур щынагъуэщ. Иджыри зэ кьыхэдгъэщынщи, еджапІэхэм я апхуэдэ щІэкІыпІэхэм турникетхэр, зэІуГъэкъэ икІи кІэрахъуэ бжэхэр, нэгъуэщІэхэри къыщыбгъэсэбэн хъунукъым, щІыхуэхэр хуиту зекІуэнымкІэ зэран хьууэ. Апхуэдэуи щхьэгъубжэхэм гущІэхъуэ хьархэр, жалюзихэр, Іуплъхьэ хъунукъым, щынагъуэ къэхъумэ, ахэр щІэкІыпІэу къагъэсэбэгъэн.

Электрокъарур Іуач хъумэ, лэжьакІуэхэм яІэн хуейщ къызэрагъэнэху Іэмэпсымэхэр, плъыр гупым хэт дэтхэнэ лэжьакІуэми зы нэхъ мыхъумри хуэзэу.

Иджыри зэ кьыхэдгъэщынщи, еджапІэхэм я лэжьакІуэхэм я ятІэ къалэнщ, мафІэс къэхъумэ, еджакІуэхэр абы къеГъэлыныр.

МафІэс къэхъуамэ, Іуэхущ1апІэм и унафэщІым, егъэджакІуэхэмрэ нэгъуэщІ лэжьакІуэхэмрэ я къалэнщ:

- мафІэсгъэункІыфІэхэм икІэщІыпІэхэ хуябгъэ егъэщІэныр «01» (стационар телефонхэмкІэ), «101» е «112» (жыпІ телефонхэмкІэ);

- еджакІуэхэр (ятІэщІыкІэ нэхъыщІэхэр) пэшхэм къыщІэшынымкІэ яхуэзэфІэкІ псори ящІэн хуейщ. Ар къыщыщІэдзапхъэщ мафІэс къыщыхъуа, апхуэдэуи абы зыщиубгъункІэ шынагъуэ пэшхэм;

- еджакІуэхэр шынагъуэншэ щІыпІэм ягъакІуэу, иужькІэ Іэмал имыІэу дэтхэнэми и цІэр къриуэурэ, зрагъэщІэн хуейщ псори а щІыпІэм къызэрыщІащэр;

- хэкІыпІэ щыІэмэ, мафІэсыр гъэункІыфІыным яужь ихьэпхъэщ, абы хуэщІа Іэмэпсымэхэр къагъэсэбэну.

Сабийхэр зи нэІэ щІэтхэр Іэмал имыІэу мафІэсгъэункІыфІхэм яхуэзэн хуейщ, щытыкІэр гуращІэуэн, сабийхэр къызэрыщІашар, абыхэм ящыщ хэнамэ, ахэр сыт хуэдэ къэтым, пэшхэм щыІэми, абыхэм нэхъ псынщІэу уэзрыпэсынуми щагъэгъэщэн папщІэ.

МафІэсым дежь дэтхэнэ дакъикъэри Іэпхъэщ: нэхъ псынщІэу мафІэсыр къэфхутэрэ мафІэсгъэункІыфІхэм хъыбар евгъащІэмэ, абы кърикІуэнухэр куэдкІэ нэхъ мащІэнущ. Зыщыбмыгъэгъупщэ, мафІэсым зыщІыхъумэнымкІэ хабзэм кьигъэувхэм ткІийуэ тетыныщ еджапІэ Іэнатіэхэр абы щыхъумэным и хэкІыпІэр.

СЭБАН Арсен,
Къэбэрдей-Балъкъэрым и мафІэсгъэункІыфІ-кьеГъэлакІуэ Іэнатіэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Лъы яку дэлъми...

● Ящымыгъупщэн щІэпхъаджагъэ

Щыщхьэуу мазэм щыхуІэ зиІэм ягу къагъэкІыж абы и 6-мрэ и 9-мрэ Японием и Хиросимэ, Нагасаки къалэхэм США-р 1945 гъэм атом Іэщхэмкіэ зэреуар. Апхуэдэ хьэкІэкъуэкІагъэм хэкІуэдащ щыху мамырхэу минищэхэр, нэхъыбэжми фэбжь хьэлъэхэр яГъэтащ. Іэщ1агъэлІэм къызэралъытэмкІэ, апхуэдэ щІыкІэкІэ американхэм ял ящІэжащ 1942 гъэм Японием Индиехым хэт Перл-Харбор хуитІыгум щыІэ американ къалэр хьэлэч зэрищІам и жуаупу. Арщхьэкіэ дунейпсо зауэр иуха нэужь Вашингтон а къэралыр езым и жыІэм щІигъэуващ, ФкІыпІэгъуэ американ тенджыз базэ къыщызэІуихри. Езы Токио зэуэ и ныбжьэгъуфІ хьужащ зэгуэр и бий ерууэ щытар. Арщхьэкіэ зэхуаІэ гужьгъэжьгъыр зы щІыпІи кІуакъым, ар щІыфэ пэтми.

ЯПОНИЕР езыр нэхъ къэрал телъыджэ дыдэхэм ящыщщ и къэкІыжкІамкІи щыІэкІуэ хабзэхэмкІи. Дунейпсо утыкум къызэрихьэрэ куэд мыщІами (тхьэ и лъэныкъуэкІэ) абы хуэфащэн увыпІэ щызэригъэгъуэтыжащ. Пащтыхь Урысейри, иужькІэ СССР-ри зэи ифІу щытакъым, щІынальэкІэ къеныкъуэкъу зэпытти.

Фашист Германиер ерыщу хущІэкъуащ а къэралыр езым и гъусэу Совет Союзым кьриГъэзэуэну. Арщхьэкіэ къыхутегъэзыакъым, уеблэмэ Москва гъунэгъу дыдэ къыщыхуэхъуами. Токио СССР-м егъэлеяуэ къыщышІынэ хъуат, 1938 гъэм Халхин-Гол и деж удын хьэлъэ къызэрыщІетхуэрэ. Гитлер хуэфІэкІар Японием Америкэм и Штат Зэгуэтхэм япэщІигъэувэнырщ. Фюрерыр абыкІи арэзыт, нэхъыбэкІэ гугъа пэтми.

Зауэр иуха иужь Вашингтон фІэфІт нацизмэм зэрихьа бзаджэнаджагъэр нэмыщхэм ягу къигъэкІыжын, арщхьэкіэ езым илэжьа залымыгъэр ибзыщІырт. Зи гугъу тщІыр 1942 гъэм япон минипщІэхэр хабзэншагъэкІэ ягъэІэпхъуауэ зэрыщытартщ.

Штат Зэгуэтхэм «гъуэжьхэм» кьапкърыкІ шынагъуэм щытепсэльыхьу хуежьащ япон зыкъомым США-р псэупІэ щащІа XIX лІэщІыгъуэм и кІэухым. Къахьыхьахэр хущІэкъурт американ жылагъуэм зыхагъэзэгъэну. Абыхэм инджылызыбзэр зрагъащІэрт, чыристан диныр кьащІэрт. Ауэ, итІани, мыгувэу кьыкъуэкІащ японхэр Америкэм щыпсэуну зысмыдэ политикхэр. Іуэхур зытещІыхьапи къахуеблэгъахэм я фэхэр зэрыгъуэжьым и закъуэтэкъым. Хьэрычэтым хуэІэзэ японхэр лэжьыгъэм и кьызэгъэпщкІэмкІэ американхэм ефІэкІырт. Газетхэм ятхырт абыхэм мыгувэу Орегон, Калифорние штатхэр яуфэбгъуну.

Бысымхэм яхуэзэфІэкІащ японхэр къэралым къэкІуэну хуит зымыщІ унафэ 1924 гъэм къратэщІэн. Араци, Перл-Харбор зэхакъутэн и щІыгъуэм и кІэухым. Къахьыхьахэр хущІэкъурт американ жылагъуэм зыхагъэзэгъэну. Абыхэм инджылызыбзэр зрагъащІэрт, чыристан диныр кьащІэрт. Ауэ, итІани, мыгувэу кьыкъуэкІащ японхэр Америкэм щыпсэуну зысмыдэ политикхэр. Іуэхур зытещІыхьапи къахуеблэгъахэм я фэхэр зэрыгъуэжьым и закъуэтэкъым. Хьэрычэтым хуэІэзэ японхэр лэжьыгъэм и кьызэгъэпщкІэмкІэ американхэм ефІэкІырт. Газетхэм ятхырт абыхэм мыгувэу Орегон, Калифорние штатхэр яуфэбгъуну.

Бысымхэм яхуэзэфІэкІащ японхэр къэралым къэкІуэну хуит зымыщІ унафэ 1924 гъэм къратэщІэн. Араци, Перл-Харбор зэхакъутэн и пэкІи лъэныкъуэкъэм я зэхущытыкІэхэр зэІыхьат.

Зауэм щыхьэхьа 1941 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м США-м къыщалъытащ японхэр Іуву щыпсэу Калифорние штатыр «шынагъуэшхуэ здэщІэ щІынальэу». Япон жылагъуэм и пашэхэр ягъэтІысу хуежьащ. Ахэр Токио и тІасхъэщІэхэхэу къыщІрагъэдэзырт. Генералхэм кьыхалъхьащ, США-м и цІыху хуэхэрэ ятхэтщ, япон псори Калифорниием ирагъэкІыну.

1942 гъэм и щІышылэм Унэ Хужьым кьищІащ японхэр кьухьэпІэ хы Іуфэм ЇгъэІэпэпхъуныным теухуа унафэ. АрщхьэкІэ СССР-м и НКВД-м хуэдэу лъэпкъэр махуэ бжыгъэм я лъаХэм изыгъэхъэбзыкІыфІри кьару США-м иІэтэкъыми, щІымахуэр икІыу Калифорнием ирашыфар японхэм я Іыхьэ щанэ къудейщ. Адрейхэр щагъэІэпэхуэфар гъэмахуэрщ. Псори зэхэту цІыху минИ 120-м щІигъум я псэупІэхэр ирагъэзбгънащ. Абыхэм я процент 62-м американ паспорт яІыгът. Хэшыпсыхьати, язныныкъуэхэр я тепльэкІэ езы американхэм кьыхэпцІыхуэкІыжьыфІынутэкъым. Іуэхур зи нэІэ щІэту екІуэкІа ленерал Бенедсен и унафэкІэ японхэм зымащІэкІэ нэхъ мыхъуми ещхь щІалэ, хуэдизкІэ цІыкІуэхэр сабий унэхэм иратырт. ГъэщІэгъэнэращи, абы щыгъуэми, езы Бенедсен лъэпкъкІэ журт!

ЯГъэІэпэхуахэм хэщІапІэ хуащІащ США-м и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм къэкІуащ. Абыхэм я щІэныгъэ зэрагъэпэща концлагери 10-р. Язныныкъуэхэм деж псэупІэ ящІырт... шэщу щытахэр. Іэнэщ1у ирашэжьа икІи гугъуехьэм емыса цІыхуэхэр зэтелІэрт. Японхэм яГу техуэрэтэкъым къакІэлъыІэрахьэ хьэкІэкъуэкІагъэхэр, зэрагъэува щытыкІэ хьэлъэр яхэумыкъу зыкъаІэтырт. ХъумакІуэхэм щысхь ящІэртэкъыми, абыхэм къагъэсэбэныр

● Зыгъэпсэхугъуэ-2023

Нэм ильагъумкІэ псэм зимыгъэнщІу

«Батурай» ансамблыр Куэбжхэ я утыкум къыщофэ.

Къату зэтет псыкъелъэ 33-р.

Сочэ махуипщІкІэ зыщыбгъэпсхыу, абы и Іахэльахэхэр щызрагъэльагъу зекІуэхэм ухэмытынкІэ Іэмал иІэжым. БлэкІа ильэсхэм абы и щІыпІэ нэхъ щІэрыІуэхэр ди нэ кьыхуикІыу зэдгъэльэгъуати, мы зы гъэзэгум шапсигъэхэм дахьихьэу я щыІэкІэ-псэукІэр зэдгъэщІэну мурад тщІащ. Экскурсиехэм дащыхэпльэм, «Псыкъелъэ 33-рэ» жьыхуІэм дыкІуэну нэхъ щІэрыІуэхэр ди нэ кьыхуикІыу зэдгъэльэгъуати, мы зы гъэзэгум шапсигъэхэм дахьихьэу я щыІэкІэ-псэукІэр зэдгъэщІэну мурад тщІащ. Экскурсиехэм дащыхэпльэм, «Псыкъелъэ 33-рэ» жьыхуІэм дыкІуэну нэхъ щІэрыІуэхэр ди нэ кьыхуикІыу щыІэкІэ, кьыпищащ: «Къэбэрдей-хэм псыкъелъэхэр ффІэгъэщІэгъуэныжкъым Іэджэм псыкъелъэ лъагэхэр фмІэщи, ауэ мы тхылъым зэритымкІэ, хы ФІыцІэ Іуфэм ижь-ижьыж лъандзэр Іус шапсигъэхэм дахьихьэну, абыхэм адыгэ шхынкІэ шэджагъуашхэ дагъэщІыну, пщыхьэщхьэми адыгэ джэгум драгъэблагъэну итщи, дыгъакІуэ, дэ дызыхуей ди-дэщ».

Абы арэзы удэмыхьункІэ Іэмал иІэтэжьым, зэпытчыну кьрибжжкІа щІыналъэхэм я цІэр фЫы дыдэу сщІэрт зэи сымыМыІа пэтми. «Шапсугия» газетым и редактор нэхъыщхьэ Ныбэ Анзор кьытхуитх хьыбархэмрэ ди лэжьагъу Хуамахуэ Аслъэн «Адыгэ псалъэм» кьытридзэ тхыгъэ гъэщІэгъуэнэхэмкІэ а щІыпІэр мыЕйуэ сцІыхуу кьыщІэкІащ.

Онлайну псори кьэпщэку зэрыхъум Іуэхур тынш тщищІащ. Урысейм и кьалэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым, уеблэмэ Китайм кьикІа туристхэр зэпсыр автобусыр дыщыпсэу «Radisson Collection Paradise Resort» хьэщІэщым къыІухьэри, драгъэтІысхьащ. Экскурсоводым зыкъыдигъэщІэхури, жэщыр зэкІуэтэху дыкъэтыну дызытехьа гъуэгум и хабзэхэр къыдэжи1ащ, автобусым исхэр зэритъэщхьащ, щхьэж къэздыкІ кьалэхэр жьыдигъэІащ. Дыщыкіуэм Налшык, Мейкьуапэ дызэриклар дэ тІум щыжьитІэм зыми гу кьытпытакъым, дыадигъуи, ди льэпкъэгъуэм я деж дыкІуэуи дыкъэащІакъым. Гъэгу дызыдытетым. Сочэ, абы и райониплІым я хьыбархэр кьыджиІэурэ, псыкьелъэгъэ зэдащІэ Шахэкіей нэсащ Еленэ, ар шапсигъэхэм, адыгэхэм я щыІугу зэрыщытыр жиІащ. Хьыбар гъэщІэгъэн куэди кьыхуиІэгъащ. Ар Туристхэм я щыІэпІэр зэрырагъэІуэхур, ди льэпкъым и гугъу зэрыхуащІыр ди гуапэ мыхъуу къэнакъым, ауэ иныкъуэхэм дежи зэдмыгъэзэхуэжьыр, адыгэхэмрэ абыхэм я щыхьапІэфэмрэ щытепсэльыхькІэ, зы гъэрхэр дыщІыдмыгъуни тхуэзэфІэкІакъым. Еленэ «дыкьиІцыхуащ» икІи нэхъ хуэсакъыу псалъэ хьащ.

Хы ФІыцІэм и Іуфэм Іус шапсыгъ жьилэ 12-м ящ ягъу дыкъыщыуІыыр. Ар Шахэмэ, Головинкэкіэ зэджэращ. Еленэ зекІуэ ежьаХэм яжриІащ, урысыбзэкІэ Шахэ зи цІэ псым щыр зэрихьым щхьэкІэ адыгэхэм апхуэдэу зэрыщІащар. Абы кьыхэкІыу Шыхьакіэ уеджэнкІэ нэхъ тэмэм хьунщ. Ауэ дыззэресауэ жьитІэнщи, Шахэ псым и Іуфэм Іус жьилэхэм ящыщу щым абы и цІэр зэрахьэ, Шахэпэ, Шахэкіеишхуэ, Шахэкіей цІыкІу.

Шахэпэ туристхэм щрагъэльагъур адыгэ жьг цІэрыІуэрщ. Абы урысыбзэкІэ зэрелджэр – «Тюльпанное дерево», и ныбжьу тетыр илъэси 150-рэщ. Ауэ Еленэ жиІэжахэм кьыззэрыхэщамкІи дэ зэрытІэщІэмкІи, абдеж щыса убыхэм жьг хадзэкІэ яІащ, щыгу ягъэльапІэу щытащ, уеблэмэ зэхэтІысхьэрэ тхьэ щелъэІуу кьэгъуэгурыкІуащ. Тхыдэм кьыхэна апхуэдэ щІыпІэм и фэеплъыр нобэ кьиІысхам хуэдэщ иджы абдеж ит жьг абрагъуэм. Метр 35-рэ зи лъэ гагъ а жьгыжьыр нобэ щапсигъэхэм я тхъэелъэІупІэщ, туристхэм я зыплъыхьыпІэщ. Абы еІуэсхэмрэ зыщызыхъуэхэмрэ зэран хуэхъункІэ шынэри, адыгэлІ щыпкъэ Бастэ Айдамыр, экскурсоводым дэсыр зэрыдыдыгъ щІалэм щхьэкІэ дзыхь нэхъ хуэсщІу дыдэжащ псыхъуэ иным. Ди гъусэ щІыху 25-р зэрыгъэкІиІуэ, телефонхэмкІэ видео зэтрахьу, уэрэд кьыхьадзэрэ жаІэу, я гу-кьыдэжьым кІэ имыІэу Шахэ псыхъуэм ирижэт.

Псыхъуэ мывалъэм псыр щыуэр, щыкуу, щычэнж щІыпІэхэр иІэщ. Дагъэзеигъуэхэри, кьеГъэзыхьыГъуэхэри, гъэгу нашэхъашэри кІэкІэмыІуэхуу ебгъунльэкІыу, псы куум хэлъадэрэ иутхыу, лъэныкъуабэ хъумэ, захуэ зыкъинщІыжу, мывэхэр зэбгрыщІуту ириКІуэ машинэм Шахэ псыхъуэр зэи пщІымыГъупщэжыну уигу кьрегъаІо. Псыхъуэм удож, зы мэз лъапэ ущІожри, нэм ильагъумкІэ псэм зимыгъэнщІу щІыпІэ дахэ дыдэ укъыщІохутэ. Сочэ и лъэпкъ паркым хиубыдэ псыкъелъэ 33-м туристхэр дашэн ипэ абдеж тІэкІу щодзакъэ. ШахэпІэхэр зыІыГъыр шапсигъэхэрац, кІахэ адыгэ кьъуей, лы дэлъу хьэлывэ, зыкІ, кофе хуэдэхэрщ щащэр. Абдежи дызэрыадыгэр кьэзыщІа бысымэхэм шхынхэр тхуэзблахьу, гъэрыгъэгъу драгъэблагъэу щадзащ. Адыгэ Іуэху кьызыТещ хьэпшыр щыкІуфэкІухэр, Котляров Виктор и Іэдакъэ кьыщІэкІа тхьилъхэр щащэ тІэкІуэн зэІухам си нэр тенащ. Сыпсалъэу зэхэзыха щІалэ щыкІэр кьыщІожри кьызбГъэдохкэ: «Уэ кьэбэрдеибзэкІэ уопсалъэ, Налшык укъикІа?», - жеІэри. Къэбэрдейм сызэрыщыщыр щыжесІэм, тыкуэным дригъэблэгъащ и адэр дигъэщІыхуну. КьызэрыщІэкІамкІэ, ахэр къэбэрдейт, фІы-дыдэуи адыгэбзэкІэ псалъэрт. Пщынокъуэхэ я унагъуэм тыкуэным нэмыщІ шхапІи иІэт, «Убых» цІэр зэрихьэу. Владимир абы дригъэблагъэри, Джэрмэнщык щыщ и щхьэгъусэ Оксана дигъэщІыхуащ, я пщащэ тхьэІуэхудхэм Іэнэр тхуэзблахьу дакъикьитху хуэдэ дабгъэдэсащ.

Адыгэм я хъэлывэр, Къэбэрдейм я зыкІэрпсыр, адыгэ дэлэныр, пшахъэхэм хэту гъэва тырку кофер, куэд тхуэзблахащ а дакъикьэ бжьгъэм ди льэпкъэгъуэхэм. Экскурсие зи гъусэу дыкІуа гупым къагурыІуащ дызыхьыхьа лъэпкъым дазэрыщыщыр икІи адэкІэ дызэгъусэу куэдкІэ кьыдэупщІащ, ялъагъуэ къазэрыщыхъум тепсэлъыхьащ.

Щэджагъуэ шхэгъуэм дежи тІэкІу зэІурыІуа туристхэр псыкъелъэ 33-р здэщыІэ Джэгушу щІыпІэм лъэсу макІуэ. Метр щэ ныкъуэ нэхъ умыкІуауэ кьат куэду зэтет фІэкІа умыщІэну псыкъелъэ мыпльагъэм уаІуо-пльэ, зым и щхьэм адрейр кьытету. Абы и бгъуитІымкІэ пхъэ дэкІуеилІэхэр иІэщи, зыплъыхьакІуэхэр зымкІэ докІуей, адреймкІэ кьохьэж, зы псыкъелъэм и щІогу унэсмэ, суроэт зытрегъэхыпІэхэр иІэщ. Псыкъелъэ хэзгъэтэнэми цІэ зырыз зэрахьэ: зыр насыпым, адрейр мылъкум, ещанэр узыншагъэм, еплІанэр екъулІэнэигъэм я нэщэнэ хуэдэу цІыхухэм фІащащи, щхьэж нэхъ зыхуэныкъуэу сымпытэм зищигъэпскІмэ, кьеХъуІэну къалытэри, псым хьихьэхэри мащІэкъым. Апхуэдэ хъыбархэр зи фІэщ хъу куэди щІыІэщи, псоми хьихьэурэ дэкІуейхэр гъунэжщ.

Псыкъэхэр жьг абрагъуэхэм я жьауэ кьытридзэу, я пльыфхэр зэмыщхьу апхуэдэщ. Упсэлъэныи угупсысэныи ухуейкъым, абыхэм я дахагъымкІэ зыбгъэщІыну аркъудей мыхъумэ. Сыту щІыпІэ тельыдэж! Сыту щІыуэпс дахэм хэс абдеж ис ди лъэпкъэгъуэхэр. «Ахэр нэхъыбамэ сыт хъунт, мыхэр ди адыгэ щыгужьу зэрыщытар фІыкъэ, иджыри зэгуэр дуфэбгъужьну пІэрэ?» - апхуэдэ гупсысэхэр щыхьэзыгъэ дуфэбгъужьну пІэрэ?» - апхуэдэ гупсысэхэр щыхьэзыгъэ дуфэбгъужьну пІэрэ?-